Bagaimana putra Jeng Gusti  
Ratna putri Arumwulan ?  
Apakah sekarang yakin  
diserahkan untuk diperisteri ?  
Demikian nadar Gusti.*

\*

Raja Barjah (baca : Barjita) lalu  
berkata  
sengit kepada pembawa surat,  
"Aku tak akan bermantukan  
Si Barjah orang miskin!  
Maklum saja banyak raja!  
Tak akan diserahkan kepada  
tukang menyabit!"

\*

Raja Barjah bangkit berdiri,  
bertitah kepada Raden Patih,  
'Prajurit dan Ponggawa,  
berikut kepala menteri,  
ayo kita sambut, pasukan  
raja dusta kita basmi!'

\*

Serdadu telah berkumpul,  
seluruh perlengkapan perang,  
lalu berhamburan.  
Berkibar bendera merah.  
Datang semua prajuritnya.  
Berdentum meriam menandai  
perang.

### \* Durma \*

Tersebut raja dua puluh lima  
negeri  
yang sedang menanti putri.  
Serempak baju berperang,  
telah sama-sama menyiapkan  
pasukan.  
Benar-benar berhimpitan yang ber-  
tempur  
karena banyaknya pasukan.  
21. Tempik // sorak riuh rendah.

\*

Balad Barjah pada wani maju perang.  
Ngaguruh tambur jeung bedil.  
Pelorna kawas hujan.  
Perangna geus dua bulan.  
Unggal poe anu jurit  
campun perangna  
pribumi loba nu mati.

\*

Nu salawe ngan tinggal lima nagara  
diamuk ku Barjah mati  
kasigeug eta nu perang.  
Nagasantar enggeus datang  
sarta mawa pelejurit  
wadia balad  
nyusul Barjah ka nagri.

\*

Geus patepung Nagasantar sareng  
Barjah.  
Nagasantar pok nglahir,  
"Karsah (na) Den Barjah.  
Ama teh seja nguninga  
enggeus babar Nagawati.  
Ari butrana pameget kasep teh  
teuing.

\*

Malah Rayi ayeuna enggeus  
dibawa.  
Di Argabasa geus calik.  
Ari ayeuna mah, Ujang,  
Kang putra geura mulang.  
Mangga ngeunah-ngeunah calik.  
Perang mah kuma Ama.  
Modal sajam ngadu jurit. "

\*

Pasukan Barjah berani maju berperang.  
Bergemuruh tambur dan senapan.  
pelurunya seperti hujan.  
Perang telah dua bulan.  
Tiap hari yang berperang  
demikian seru.  
Pribumi banyak yang tewas.

\*

Yang dua bulan lima tinggal lima  
negeri.  
Mati diamuk Barjah.  
Demikian yang berperang.  
Nagasantra telah datang  
dengan membawa prajurit  
anggota Pasukan,  
menyusul Barjah ke negeri.

\*

Telah berjumpa Nagasantra dengan  
Barjah.  
Nagasantra lalu berkata,  
"Oh, Raden Barjah ini!  
Rama akan mengabarkan,  
Nagawati telah melahirkan.  
Putranya laki-laki sangat tampan.

\*

Bahkan Adik sekarang sudah  
dibawa.  
Telah hadir di Argabasa.  
Sekarang, Ujang,  
Ingkang putra telah pulang.  
Silakan, duduk-duduklah dengan  
nyaman.  
Urusan perang bagian Ramanda.  
Tak akan sejam bertempur".

\*

Lajeng mulih Sang Raja ka  
Argabasa.  
Nagasantar maju jurit  
ngawatek elmuna  
ajian purwaganda.  
Taya nu wani ninggal  
ula tamaga sarta gede liwat saking.

\*

Rupana teh eta oray Nagasantar  
beureum cara rupa geni.  
Ruhay salirana  
panjangna salawe deupa

22. sagede kawung mudigdig gedena //  
gedena oray.

Perjurit diburak-barik.

\*

Kacarita eta nu lima nagara.  
Bolampar ngalawan jurit.  
Kabur pada lalumpatan loba  
nu ngajaropak.  
Perjurit patingbiribit  
saparo pada miceun tumbak bedil.

\*

Rayungwulan geus kaboyong  
sadayana.  
Ku Nagasantar digiring  
malah rajana nu cidra  
sabab bohong tina jangji.  
Ayeuna geus dibabangan  
tuluy dipanjara beusi.

\*

Nagasantar geus perang pamitan  
mulang  
mulih ka nagrina deui.  
Kocap Raja Barjah  
ngadawuhan ka sadaya.  
"Mangga ngeunah-ngeunah calik  
anu geus iang."  
Kacarita anggeus sumping

\*

Sang raja lalu pulang ke Argabasa.  
Nagasantra maju berperang,  
mengeluarkan ilmunya,  
ajian purwa ganda.  
Tak ada yang berani memandang,  
Ular tembaga sangat besar.

\*

Rupa ular Nagasantra  
merah seperti api.  
Membara tubuhnya,  
panjangnya dua puluh lima depa,

22. sebesar pohon enau ukuran tubuh-  
nya // besarnya ular.

Prajurit diobrak-abrik.

\*

Tersebut yang lima negara.  
Enggan melakukan perlawanan.  
Kabur dan berlarian, banyak yang  
tergeletak.

Prajurit kocar-kacir,  
separuh membuang tombak dan  
senapan.

\*

Rayungwulan telah terboyong se-  
luruhnya.  
Digiring oleh Nagasantra,  
bahkan rajanya ingkar janji  
karena mendustainya.  
Sekarang telah dibelenggu,  
lalu dipenjara besi.

\*

Setelah berperang, Nagasantra  
berpamit pulang,  
kembali ke negerinya.  
Tersebut Barjah  
bersabda kepada semua,  
"Silakan, duduk-duduk yang enak  
bagi yang ikut berperang".  
Tersebut telah datang.

\*

Ibu Barjah geus lenggah di Argabasa  
 dihormat dipusti-pusti  
 wantuning ibu raja  
 estuna dimulya-mulya  
 geus tetep linggih di nagri  
 sukasadana  
 Kocap anu keur musafir.

\*

Jaya Mukti geus sajalan musafirna.  
 Di pasar dirageg anjing.  
 Geus kabejakeun ka Raja  
 Raja lejeng miwarangan.  
 Geus datang Ki Jaya Mukti

23. ka payuneun // Raja.  
 Raja ngadawuh ka Patih.

\*

"Kudu dibere lembur sarawuh  
 jalmana."  
 Jaya Mukti suka ati  
 jeung anak rabina  
 enggeus tetep imah-imah  
 teu eling di waktu tadi basa keur  
 beunghar  
 nginjeumkeun uang ka rayi.

\*

Nu sapuluh kudu pulang genep  
 belas  
 dina sabulanna misti  
 eta hanteu meunang kurang.  
 Samalah eta ibuna  
 harita ku Jaya Mukti nyeri kacida  
 babalikna mucung budi.

\*

Sigeug Barjah jeung pandita nu  
 kamashur.  
 Ayeuna deuk dicarita  
 gaduh putra geulis donto.  
 Nagarana katelah Cantaka Pura.

\*

Ibu Barjah telah hadir di Argabasa,  
 sangat dihormati,  
 maklum saja ibunda Raja,  
 sungguh dimuliakan.  
 Telah tetap tinggal di negeri Suka  
 Sadana.

Tersebutlah yang sedang ber-  
 musafir.

\*

Jaya Mukti telah musafir seper-  
 jalanan.  
 Di pasar digonggong anjing.  
 Telah sampai kabar kepada raja.  
 Raja lalu memerintahkan.  
 Telah datang Ki Jaya Mukti

23. ke hadapan // Raja.  
 Raja berkata kepada Patih.

\*

'Harus diberi wilayah berikut pen-  
 duduknya'.  
 Jaya Mukti bersuka cita  
 bersama anak-istrinya,  
 telah menetap dan berumah,  
 tak ingat akan masa ketika kaya  
 meminjamkan uang kepada  
 adiknya.

\*

Yang sepuluh harus kembali enam  
 belas,  
 dalam sebulannya mesti,  
 tidak boleh kurang.  
 Bahkan, ibunya,  
 saat itu sakit hati karena Jaya  
 Mukti,  
 pulang dalam keadaan murung hati.

\*

Demikianlah Barjah dan Rahib  
 yang bermashur.  
 Sekarang akan dikisahkan  
 mempunyai putri cantik-moktok.  
 Negaranya disebut Cantaka Pura.

\*

Hiji mangsa eta putri Tarangganu  
diwurukan ku ramana  
wantu putra istri donto  
lajeng wae diwurukan ku ramana.

\*

'Ieu nagri ku Nyai kudu tumuluy  
masing katetepan.  
Tapi Nyai sing mangartos  
keur lantaran ieu nu nyepeng  
nagara.

\*

Da isteri mah hanteu pantes jadi  
Ratu  
ngan jadi pawarang  
eta punjulna awewe.  
Seug ku Nyai tuluykeun piwulang  
Rama.

\*

Nyai kudu nyieun lantaran nu estu  
ngadegkeun Saembara  
ka sadaya pera bupatos

24. kudu meunang manuk tiga tiga  
warna. //

Da istri mah langka pisan nu  
nanyaan.

\*

Pameget mah dimisilkeun kudu  
luhur  
kumaha luhurna.

Geus tangtu di handap bae  
najan aya di luhur gunung di  
handap.

\*

Lalaki mah geus loba conto nu  
mashur.  
Najan bangsa cacah  
teu burung meunangkeun raden.  
Jalanna mah loba dunya nu  
ngantearuna.”

\*

Pada suatu waktu, putri Trangganu  
dinasehati oleh ayahnya,  
maklum saja putra perempuan  
molek.

Lalu dinasihati oleh ayahnya.

\*

”Negeri ini harus diwarisi oleh  
Nyai,  
harus tetap dikuasai.  
Namun, Nyai mesti mengerti  
cara memegang negara

\*

sebab perempuan tak pantas  
menjadi ratu,  
hanya menjadi permaisuri,  
itu kelebihan wanita.  
Teruskan oleh Nyai nasihat Rama.

\*

Nyai mesti membuat cara yang  
tepat  
mengadakan sayembara  
bagi semua bupati,

24. harus mendapatkan burung tiga  
warna. //

wanita memang amat langka yang  
melamar.

\*

Laki-laki diharap berkedudukan  
tinggi,  
seberapa pun tingginya.  
(perempuan) sudah tentu selalu  
di bawah.

Biarpun ada di atas gunung tetap  
di bawah.

\*

Sebaliknya, laki-laki telah banyak  
contoh yang termashur  
meskipun dari kalangan jelata  
bisa mendapatkan keturunan raden.  
Jalannya banyak, dunia yang me-  
ngantarkannya”.

\*

Enggeus tutup Nyi Putri nampi  
piwuruk.  
Ari lawas-lawas  
nyaur ponggawa sakabeh.  
Pok carios Sang Raja hanteu  
kaliwat.

\*

"Kudu ngadeg saembara ka ratu-  
ratu.  
Jeung saha nu meunang  
yen boga ganjaran gede  
jeung diangkat perabu di Cantaka  
pura.

\*

Geus neang surat nu jalān ka ratu  
ka salawe raja.  
Enggeus kasuratan kabeh.  
Pada nyiar manuk bulu tiga warna.

\*

Masanggrahan eta nu salawe ratu.  
Sagala diala :  
merak kasintu ganggareng  
julang heulang walik dederut  
karanca.

\*

Disanggakeun sabeunang-beunang  
ka Ratu.  
Taya nu ditampa  
sabab teu bisaeun ngomong.  
Recet soteh disarada sakarepna.

\*

Kari kantun nu salawe ratu-ratu  
pek barahimpunan.  
Kakocap Raja Barjah teh  
rek ngembarkeun putrana  
diangkat raja.

\*

Telah selesai Nyi putri menerima  
wejangan.  
Setelah beberapa lama  
memanggil seluruh ponggawa.  
Berkatalah Sang Raja dengan  
teliti

\*

"Harus mengadakan sayembara  
untuk ratu-ratu.  
Siapa saja yang berhasil  
menerima imbalan besar  
dan diangkat menjadi prabu di  
Cantaka pura.

\*

Telah mencari surat yang dituju-  
kan kepada ratu,  
kepada dua puluh lima raja.  
Semua telah disurati.  
Sama mencari burung berbulu  
tiga warna.

\*

Berkemah yang dua puluh lima  
ratu.  
Apa saja diambil,  
merak, kasintu, ganggareng,  
julang, elang, walik, dederut, dan  
karanca.

\*

Diserahkan sedapat-dapat kepada  
ratu.  
Tak ada yang diterima  
sebab tak ada yang bisa berbicara.  
Berceloteh hanya sekehendaknya.

\*

Tinggal yang dua puluh lima ratu,  
lalu berhimpun.  
Tersebut Raja Barjah  
akan mengumumkan putranya  
menjadi raja.

- \*  
 25. Pek berhimpun ka sakabeh // ratu sadayana pangkat pada ngadeuheusan kabeh.  
 Pek ngaduwuh Raja Barjah ka sadaya.
- \*  
 "Ieu kula seja ngajenengkeun ratu putra geus utama diangkat perabu anom sedeng pisah dua puluh tahun yuswana."
- \*  
 Geus kasaksi sakabeh per tumenggung nyepeng ieu nagara.  
 Sanggeus kitu putrana teh geulis donto putrana ka Raja Barjah.
- \*  
 "Naha Ama hanteu emut ka piwuruk?  
 Baheula teh saur Eyang memen mati kudu paeh gampang ngeunah urang kudu lara neula.
- \*  
 Suriyaningrat contona eta nu mashur gancang jadi raja ahirna nyandang nalangsa gede.  
 Naha Ama nambuhkeun piwuruk Eyang?"
- \* Gambuh\*  
 Raden Putra enggeus tuluy.  
 Lajeng ka ramana matur amit neangan pangarti dipegatan keukeuh maju.  
 Raden harita geus leos.
- \*  
 25. Maka berhimpun semua // ratu. Semua pejabat Semua sama menghadap. Maka bersabda Raja Barjah kepada semua.
- \*  
 "Aku kini akan meresmikan ratu, putra telah cukup diangkat menjadi raja muda. Sangat memadai, dua puluh tahun usianya".
- \*  
 Telah disaksikan seluruh tumenggung, (raja) memimpin negara ini. Setelah itu, putranya yang cantik-montok, bertanya kepada Raja Barjah,
- \*  
 "Apakah Ayah tak ingat akan nasihat?  
 Dulu, kata Eyang, sebelum mati harus lampus, sebelum enak, kita harus sengsara dulu.
- \*  
 Suriyaningrat conto yang terkenal, cepat menjadi raja akhirnya menderita benar. Apakah Ayahanda mengabaikan petuah Eyang?"
- \* Gambuh \*  
 Raden putra telah beranjak. Lalu berkata kepada ayahnya, berpamit mencari pengetahuan. Dicegah tetap berlalu, Raden saat itu berangkat.

\*

Sareng keur bobot ibuna  
 Putra Nagawati ayu.  
 Jaka Barjah kebat indit  
 asup kana leuweung agung  
 enggon badak eujeung meong.

\*

Nu diseja Paring Gading nu  
 dijugjug.

26. Turun pasir unggah gunung. //  
 Heulangna kumelik gelik  
 loklok tando julang rangkong  
 kabeh manuk pada ngomong.

\*

Rea nu mere pituduh.  
 Eureun di handapeun kayu  
 Raden Bari mikir-mikir.  
 Opat puluh poe (gu) guru.  
 Dongkap pitulung Yang Manon.

\*

Pituduh ka Raden Bagus.  
 "Itu kana suku gunung  
 Ujang kudu pindah calik  
 sapal antarana jauh.

\*

Engke di dinya teh kebon  
 nagri Paring Gading Agung.  
 Engke dipaparin Agus  
 ngaliwat gunung marapi.  
 Katingali di leuweung guha  
 melewong.

\*

Nu tunggu ajar panunggu  
 yan Ujang meunang pituduh.  
 Naon bae nu diaji  
 moal aya anu suwung.  
 Dinya, Ujang, masing, jongjon."

\*

Ibunya sedang mengandung  
 putra Nagawati Ayu  
 Jaka Barjah bergegas pergi,  
 masuk ke hutan raya,  
 sarang badak dan macan.

\*

Yang dituju paring Gading.

26. Menuruni bukit, mendaki gunung.//  
 Elang melengking nyaring,  
 loklok, tando, julang, dan rangkong,  
 semua burung berkata-kata.

\*

Banyak yang memberi petunjuk.  
 Berhenti di bawah pohon,  
 Raden Samoli berpikir.  
 Empat puluh hari berguru,  
 datang pertolongan Yang Manon.

\*

Petunjuk untuk Raden Bagus,  
 "Itu ke kaki gunung,  
 Ujang harus berpindah tempat,  
 kira-kira sepal jauhnya.

\*

Nanti di sana ada kebon negeri  
 paring Gading Agung.  
 Nanti, Agus diizinkan  
 melalui gunung Merapi.  
 Tampak di hutan gua menganga.

\*

Yang menunggu Ajar penunggu  
 bahwa Ujang mendapat petunjuk.  
 Apa saja yang diniatkan  
 tak ada yang nihil.  
 Silakan, Ujang, biar tenang saja".

\*

Enggal bae Raden tuluy  
hanteu kaur balas diuk.  
Eta jalan leuwih rumit  
tina sabab loba cucuk.  
Geus dongkap guha katembong.

\*

Guha tutupna ku batu.  
Sanggeus Jaka Barjah cunduk  
den pendak jeung ajar tadi.  
Horeng teh anu mituduh  
anu tadi cacarios.

\*

Pandita lajeng sumaur,  
"Naon eta kersa Agus  
nu matak ka dieu sumping?  
27. Naon // anu rek dimaksud?"  
Jaka Barjah mando walon.

\*

"Nu mawi marek kaulanun  
Eyang anu langkung ma'lum  
kana karep jisim kuring"  
Pandita lajeng sumaur,  
"Niat Ujang geus kahartos."

\*

"Abdi nyuhunkeun piwuruk  
kana jalan elmu-elmu  
anu mangpaat ka diri  
supaya lulus rahayu  
ulah papendak jeung awon."

\*

Gancang bae Raden diwuruk  
elmu bisa salin patut.  
Sagala Raden diwirid.  
(o) pat puluh poe guguru  
sagala elmu geus hartos.

\*

Segera saja Raden berlalu,  
sering kali terpaksa merunduk.  
Jalan itu lebih rumit  
sebab banyak duri.  
Telah datang dan gua pun tampak.

\*

penutup gua dari batu.  
Setelah Jaka Barjah tiba,  
maka bertemu lah dengan Ajar tadi.  
Ternyata yang memberi petunjuk,  
Yang tadi berkata-kata.

\*

Rahib lalu bertanya,  
"Apakah kehendak Agus  
sehingga datang ke sini?

27. Apa // yang dimaksudkan?"  
Jaka Barjah menjawab sopan,

\*

"maksud menghadap,  
Eyang yang lebih maklum  
akan maksud saya".  
Rahib lalu berkata,  
"Niat Ujang telah diketahui".

\*

"Hamba mohon nasihat  
akan jalan ilmu-ilmu  
yang bermanfaat bagi diri  
supaya mulus rahayu  
tak menemukan keburukan".

\*

Segera saja Raden dibimbing  
tentang ilmu berganti rupa.  
Raden diwejangi segala hal.  
Empat puluh hari berguru,  
segala ilmu telah dipahami.

\*

Geus kitu Pandita nyaaur,  
"Pek geura jajal ku Putu  
ke Eyang sing katingal".  
Jaka Barjah sanggeus kitu  
pek ngajajal Raden anom.

\*

Jaka Barjah jadi jangkung.  
(ra) Den Jaka Barjah geus  
jangkung.

Jaka Barjah nyipta deui  
tuluy jadi budak lembut,  
Raden enggeus jadi orok.

\*

Tuluy jadi buta jangkung.  
Pek deui ngajadi sepuh.  
Jaka Barjah jadi manuk.  
Ku eyangna bek-bek ditenggor

\*

diteunggeulan dikadek jeung  
dikerepuk.

Ku sadaya enggeus tutup  
parantos taya nu inggis

28. geus teu aya nu kararung. //  
Ti Pandita geus kahartos.

\*

(o) pat puluh poe guguru  
teu leueut-leueut dahar sangu.  
Jaka Barjah perihatin.  
Di pangtapaan di leuweung  
ku Eyang diwuruk ngaos

\*

Nguping nu saembara ratu  
Raden Barjah pok nyaaur  
sarta hormat bari takdim,  
"Abdi amit arek wangsul.  
Iyang angkat Raden anom.

\*

Setelah itu, Rahib berkata,  
"Silakan dicoba oleh Cucu,  
supaya Eyang menyaksikan".  
Setelah itu, Jaka Barjah  
mencoba (ilmunya).

Raden Jaka Barjah sudah tinggi.  
Jaka Barjah merenung lagi  
lalu menjadi anak kecil.  
Raden telah menjadi orok.

\*

Lalu menjadi raksasa tinggi.  
Kemudian menjadi orang tua renta  
Jaka Barjah menjadi perempuan  
menjadi ayam, menjadi burung.  
Dilempari oleh eyangnya

\*

dipukuli, ditebas, dan digempur.  
Seluruhnya telah beres,  
tak ada yang mengkhawatirkan  
28 tak ada yang tertinggal. //  
Telah mendapat ilmu dari Rahib.

\*

Empat puluh hari berguru,  
tak minum tak makan nasi.  
Jaka Barjah prihatin.  
Di pertapaan di hutan  
dibimbing mengaji oleh Eyang.

\*

Mendengar ada sayembara ratu.  
Raden Barjah berkata penuh  
hormat,  
"Hamba berpamit hendak pulang"  
Berangkatlah Raden muda.

\*

Pandita lajeng ngawangsul,  
"Didoakeun Raden Bagus,  
Ujang masing sae calik."  
Raden Barjah angkat munjung  
ka Eyang manjung colodok.

\*

Jaka Barjah angkat tuluy  
mulih turut-turut gunung  
mendak deui aki-aki  
dina tempat langkung alus.  
Jaka Barjah mungkur noong.

### \*Pangkur\*

Pandita Lumkanuntara  
geus kaluar tina jero guha bijil.  
Pandita lajeng sumaur  
ka Jaka Barjah ngandika,  
'Aeh, satria  
Anjeun teh rek naon maksud  
salawas kakara pendak  
satria ti mana nagri?"

\*

Raden Barjah ngawalon,  
"Kaula nun seja marek-marek  
jimis abdi  
Seja ngadeuheus saestu.  
Kang Eyang lintang uninga  
pikarepeun jisim abdi kaulanun."  
Pandita Lukman ngandika,  
29. "Karep U // jang geus kaharti.

\*

Ngaran Ujang Jaka Barjah.  
Ari niat Ujang teh hayang ka  
putri.  
Ngaran Nyi putri Trangganu  
rajana Cantaka Pura.  
Ngan supaya ku Ujang moal  
katimu  
bangga pisan pamentana.  
Ku Ujang moal katepi."

\*

Sang Rahib lalu menyahut,  
"Didoakan, Raden Bagus,  
semoga Ujang beruntung."  
Raden Barjah bersalamana,  
bersungkem kepada Eyang.

\*

Raden Barjah lalu berangkat  
menyusuri gunung,  
bertemu lagi dengan seorang  
kakek  
di tempat yang lebih indah.  
Jaka Barjah menjenguk.

### \* Pangkur \*

Rahib Lukma nuntara  
telah keluar dari dalam gua.  
Sang Rahib lalu berkata  
kepada Jaka Barjah berkata,  
"'He, satria,  
Engkau bermaksud apa,  
seumur hidup baru bertemu,  
satria dari negeri mana?"

\*

Raden Barjah menjawab,  
"Jungjunganku, diri hamba  
hendak menghadap,  
hendak menghadap sesungguhnya.  
Ingkang Eyang lebih tahu  
akan maksud diri hamba."  
Rahib Lukman berkata,

29. "Maksud U // jang telah dipahami.

\*

Nama Ujang Jaka Barjah.  
Sementara, niat Ujang  
menginginkan putri  
bernama Nyi putri Trangganu  
rajanya Cantaka pura.  
Sayangnya, agar tak ditemukan  
Ujang,  
syaratnya sangat berat,  
tak akan dicapai Ujang."

\*

Jaka Barjah ngawalonan,  
 "Jisim abdi ka Eyang nyuhunkeun  
 idin.  
 Geus puguh lantaran hirup  
 sanajan lantaran wapat  
 ku abdi teh  
 dilakonan bae tangtu.  
 Nyuhunkeun terang ti Eyang  
 jisim abdi seja ngiring."

\*

Pandita Lukman ngandika,  
 'Ari bisa jadi manuk tiga warna  
 tinangtu meureun kajugjug.  
 Manuk bulu tiga warna bisa  
 ngucap  
 bisa ngawih tembang pucung,  
 bisa sinom dangdanggula.  
 Pertanda Ujang berbudi."

\*

Jaka Barjah ngawalonan,  
 "ieu abdi ayeuna rek salin rupi.  
 Abdi rek ngajadi manuk  
 buluna tiga warna."  
 Sang Pandita  
 sanggeus kitu tuluy nyaaur,  
 "(ing) Kang Eyang langkung  
 percaya  
 Ujang lamun kitu galih."

\*

(ra) Den Barjah sinunggu tunggal  
 ngaleungitkeun pancadria teu eling  
 Guruna anu disambat.

30. Hanteu lila (ra)

Den Barjah geus jadi manuk //  
 manuk bulu tiga warna  
 jangjangna perak sinangling.

\*

Jaka Barjah menjawab,  
 "Diri hamba memohon izin  
 kepada Eyang.  
 Kalau demi hidup sudah pasti,  
 bahkan jika harus wafat pun  
 hamba  
 tentu akan menjalani.  
 Mohon keterangan dari Eyang,  
 diri hamba akan menurut."

\*

Rayib Lukman berkata,  
 "Kalau bisa menjadi burung tiga  
 warna,  
 tentu akan tercapai.  
 Burung berbulu tiga warna bisa  
 berkata,  
 bisa bernyanyi tembang pucung,  
 bisa sinom-dangdanggula.  
 Pertanda Ujang berbudi".

\*

Jaka Barjah menjawab,  
 "Kini hamb a akan berganti wujud.  
 Hamba akan menjadi burung  
 berbulu tiga warna."  
 Sang Rahib  
 setelah itu,lalu berkata,  
 "Ingkang Eyang sungguh percaya  
 Jika demikian niat Ujang."

\*

Raden Barjah bersedekap,  
 menghilangkan fungsi panca  
 indera, tak sadar,  
 pintu yang lima ditutup.  
 Gurunya diundang.

30 Tak lama Raden Barjah telah  
 menjadi burung //  
 burung berbulu tiga warna.  
 Sayapnya berwarna perak  
 mengkilap.

\*

Anu sawareh buluna  
rupa emas ngempur cahayana  
leuwih.

Anu saperkara bulu  
kawas inten berlian  
aya bodas aya hejo aya wungu.  
Cahaya gilang gumilang  
matak serab nu ningal.

\*

Tuluy sinom dangdanggula.  
Gedena teh eta manuk tiga warna  
sagede jago kasintu.  
Tingburisat buluna  
beureum-bodas diselang ku hejo  
ngempur.  
kayungyun pandita ninggal alus  
lucu tiga warna.

\*

Pandita Lukman ngandika,  
'Ayeuna mah pek geura nyinkah  
ka sisi.  
Mangke ku Eyang disaur  
lamun aya anu datang ti nagari  
Kang Putu tangtu disaur."  
Sigeug Barjah jeung pandita  
Nu bopati ti nagari.

\*

(ra) Den Patih Jaya Subala  
Enggeus iyang muru ka Ki Nujum  
Sidik  
muru ka lembur Ki Nujum.  
Hanteu lila di jalanna  
enggal dongkap  
Raden Patih ka Ki Nujum.  
Barang datang pek mariksa  
Ki Patih ka Ki Nujum Sidik.

\*

Sebagian bulunya  
berseburat keemasan sangat  
bercahaya.

Sebagian lagi, bulunya  
seperti intan berlian,  
warna putih, warna merah, dan  
warna ungu.

Bercahaya gilang gemilang,  
membuat silau yang melihat.

\*

Kemudian bersinom-dangdanggula  
Besarnya burung tiga warna  
sebesar jago ayam perung.  
Gemerlap bulunya  
merah-putih di selingi hijau  
berseburat.

Terpesona Rahib melihat tiga  
warna yang bagus

\*

Rahib Lukman berkata,  
"Sekarang coba menyengkir ke  
tepi.  
Nanti Eyang panggil.  
Jika ada yang datang ke sini,  
Kang Cucu tentu dipanggil."  
Demikian Barjah dan Rahib.  
Karena bupati dari negeri,

\*

Raden patih Jaya Subala  
telah pergi menuju Ki Nujum  
Sidik, menuju kampung  
Ki Nujum.  
Tak lama di perjalanan,  
segera datang  
Raden Patih ke Ki Nujum.  
Ketika sampai, bertanya  
Ki Patih kepada Ki Nujum Sidik.

\*

Ki Nujum, kula tuduhan  
jeung di mana aya manuk tiga  
warna?  
Kula hayang jadi ratu.  
Mangke ari enggeus meunang  
nulang tamba  
Nujum dijieu // sesepuh  
sarta naon nya kahayang  
Nu kula tangtu dipasih.

\*

Ki Nujum pok ngawalonan,  
"Eta manuk geus tinangtu bakal  
manggih.  
Ayeuna sumangga jugjug  
ngaranna Pandita Ninggal."  
(ra) Den Patih geus bungah galih.

\*

"Ayeuna kula dek iyang  
rek ngajugjug ka ngaran pandita  
kami.  
(ra) Den Patih geus kitu tuluy  
ka pangtapaan pandita.  
Ku Pandita  
katinggal patih ngajug (jug)  
Papatih Cantaka Pura.  
Geus ngadeuheus Raden Patih.

\*

Ki Patih teh geus unjukan,  
"Kangjeng Eyang, nu mawi marek  
sim kuring  
sumeja nyuhunkeun manuk  
buluna tiga warna.  
Deui ngan Eyang nu bade gaduh.  
Kuring hayang jadi raja  
ka putri anom ngamukrim."

\*

"Ki Nujum, tolonglah aku  
di mana burung tiga warna berada?  
Aku ingin menjadi ratu.  
Nanti kalau sudah mendapatkan,  
sebagai balasan,  
31 Nujum dijadikan // tetua  
serta keinginan apa saja  
tentu aku kabulkan.".

\*

Ki Nujum lalu menjawab,  
"Sudah pasti bakal menemukan  
burung itu.  
Sekarang silakan temui  
yang bernama Rahib Ninggal."  
Raden Patih telah bersuka hati.

\*

"Sekarang aku akan pergi,  
menuju ke tempat Rahib-ku."  
Raden Patih kemudian beranjak  
ke pertapaan Rahib.  
Oleh Rahib  
terlihat patih berjalan,  
patih Cantaka pura.

\*

Ki Patih telah menghadap,  
"Kangjeng Eyang, alasan saya  
menghadap  
ingin memohon burung  
berbulu tiga warna,  
yakin hanya Eyang yang memiliki.  
Saya ingin menjadi raja.  
menikah dengan putri muda.

**\* Sinom \***

Pandita lajeng ngandika  
nya eta ka Raden Patih,  
"Ari manuk aya pisan  
tapi manuk eta rugi.  
Parabna kudu raresik  
mondokna di tempat tidur  
sarta ranjang katil emas.  
Anu ngaladenan putri.  
Ana dahar tara daek larab  
rumbah."

\*

Raden Patih ngawalonan,  
"Sakersa Eyang utami

- 32 ku abdi // diturut pisan.  
Cing abdi hayang ningal  
perekawis eta disaur,  
"Maneh manuk tiga warna,  
jig ayeuna geura bijil!"  
Hanteu lila manuk ngarengkebeng  
datang.

\*

Ku Raden Patih katinggal.  
Ngahuleng bae (ra) Den Patih.  
"Abdi mah estu kakara  
mendak manuk langkung resik.  
Na manuk ngalunjak teuing.  
Kakara saumur hirup.  
Mangga Eyang sina tembang  
sinom anu langkung manis."  
Pok nimbalan Pandita  
Lukmanuntara.

\*

"Tiga warna, geura tembang  
geura sinom mangrawit!"  
Geus kitu manuk teh tembang  
laguna sinom mangrawit.  
Raden Patih tuluy matur,  
"Mangga Eyang naregana  
sabarahu mun dibeuili.  
Laksa keti ku abdi moal ditawar."

**\* Sinom \***

Sang Rahib lalu berkata  
kepada Raden Patih,  
"Memang burung ada,  
tapi burung itu merugikan.  
Makanannya harus bersih  
tidurnya di tempat tidur  
serta ranjang katil emas.  
Putrilah yang melayani.

Jika makan tak mau makanan  
sembarang

\*

Raden patih menjawab,  
"Kehendak Eyang diutamakan,

- 32 hamba // turuti benar-benar.  
Coba, hamba ingin melihat  
rupa burung itu."  
Lalu Rahib memanggil,  
"Engkau, burung tiga warna,  
coba sekarang keluar !"  
Tak lama burung muncul dengan  
sayap terkembang.

\*

Terlihat oleh Raden Patih.  
Raden Patih termenung saja.  
"Sungguh, baru kali ini hamba  
melihat burung sangat resik.  
Betapa burung ini berlagak.  
Baru seumur hidup.

Silakan, Eyang, supaya  
bertembang.

sinom yang sangat merdu."

Rahib Lukma nuntara bertitah,

\*

"Tiga warna, ayo bertembang  
sinom mangrawit!"

Setelah itu burung bertembang,  
lagunya sinom mangrawit.

Raden Patih lalu berkata,  
"Coba, Eyang, sebutkan harganya  
berapa kalau dibeli.  
Biarpun berlaksa keti tak akan  
hamba tawar."

\*

Pandita lajeng ngandika,  
 "Sapeser Eyang teu pamrih.  
 Ayeuna mah geura candak  
 tapi masing ati-ati."  
 Raden Patih suka ati.  
 Manuk teh lajeng dipangku.  
 (ra) Den Patihlajeng pamitan.  
 Gura-giru bae mulih.  
 Kacarios Patih sumping ka nagara.

\*

Sang Rahib lalu berkata,  
 "Tak serupiah pun Eyang  
 berharap.  
 Sekarang silakan bawa, asal  
 berhati-hati."  
 Raden Patih bergirang hati.  
 Burung lalu dipangku.  
 Raden Patih lalu berpamitan,  
 bergegas pulang.  
 Tersebut patih datang ke negeri.

\*

33 Nakol bende kabuyutan  
 di pase // ban enggeus nitir.  
 Kumpulan ponggawa mantri  
 jaksa panghulu jeung hatib.  
 Tayanu tinggal sahiji.  
 Sadaya ponggawa kumpul.  
 Kapala kabeh geus datang  
 pangkat gede pangkat leutik.  
 Tatabeuhan ti kampung geus  
 dikelunan.

\*

Memukul bende leluhur  
 33 di pasa // ban telah bertalu-talu.  
 Berkumpul ponggawa menteri  
 jaksa, penghulu, dan khatib.  
 Satu pun tak ada yang tertinggal.  
 Semua ponggawa berkumpul.  
 Semua kepala telah datang,  
 baik berpangkat tinggi maupun  
 rendah.  
 Tebabuhan dari kampung telah  
 dibunyikan.

\*

Ki Nujum geus ka nagara  
 disaur ku Raden Patih.  
 Jalma geus sereg di jalan  
 jauh deukeut geus kagiring.  
 Wani enggeus heurin usik.  
 Di alun-alun geus pinuh  
 hempak anu ngadeuheusan.  
 Pok ngadawuh Raden Patih,  
 "Sadayana, nu matak kudu  
 kumpulan

\*

Ki Nujum telah ke negara,  
 dipanggil Raden Patih.  
 Orang telah sesak di jalan,  
 jauh-dekat telah tergiring.  
 Benar-benar telah sukar bergerak.  
 Di alun-alun telah penuh,  
 bersusun rapi yang menghadap.  
 Raden Patih berpidato,  
 "Semuanya, mengapa harus  
 berkumpul.

\*

ieu urang geus kalampah  
meunang manuk tiga warna.  
Ayeuna enggeus kabawa  
sapamundut Raja putri  
Ayeuna kaul saksi  
ku sadaya sepuh-sepuh  
ku kabeh mantri ponggawa.  
Kula teh bakal bopati  
ngarajaan ieu di Cantaka Pura.

\*

Pada ngomong sadayana.  
Eta estu pada nyaksi,  
"Mun Gamparan jadi raja  
pada atoh abdi-abdi."  
Manuk dibukakeun bijil.  
"Tah ieu rupana manuk.  
Sumangga pada ninggalan  
ieu rupa tiga warni."  
Manuk tembang semu anu mucung  
manah.

### \* Pucung \*

- 34 Eta manuk tuluy tembang // lagu pucung:  
"Hanjakal ku nandarusa  
warirang jeung jeruk paseh  
eah si musuh enggeus ujag jadi  
raja."

\*

Coba pikir kalong leutik hama cau  
Kapalay sadayana  
hayam kumupu keur ngendog  
huntang hantung antigong eta  
ngaranna.

\*

Mas anika anika kedah diitung  
tindak-tanduk temah  
wadi teh kedah  
mas paringga nandugong ada  
tinggedang.

\*

karena kita telah berhasil  
mendapatkan burung tiga warna.  
Sekarang telah terbawa  
sesuai dengan permohonan Raja  
putri.

Kini saksikanlah aku,  
semua tetua  
semua menteri ponggawa.  
Aku ini calon bupati,  
menjadi raja di Cantaka pura.

8

Semua berkata-kata.  
Benar-benar sama menyaksikan,  
"Jika tuan menjadi raja,  
bergembira para hamba."  
Burung dikeluarkan.  
"Beginilah rupa burung.  
Silakan, semua melihat  
ini rupa tiga warna."  
Burung bertembang seperti  
bermurung hati.

### \* Pucung \*

- 34 Burung itu lalu bertembang // lagu pucung :  
(Hanjakal ku handarusa  
warirang jeung jeruk paseh  
eah, si musuh enggeus *ujang* jadi  
raja.)

\*

Coba pikir kalong leutik hama cau  
kapalay sadayana  
hayam kumupu keur ngendog  
huntang-huntang hantigong eta  
ngaranna.

\*

Mas anika anika kedah diitung  
tindak tanduk temah  
wadi teh kedah  
mas paringga handugong ada  
tinggedang.

\*

Basa hanting rupana hurung  
ngagebur  
nyatana buah kalayar  
alus soteh pait ngelel  
nya eta conto jalma goreng niat.

\*

Sinjang gerus udengna dirancung-  
rancung  
baju make kancing emas  
erloji gaya ditaretes  
ditarumpah kari-kari maok hayam

\*

Ari hantung nyatana teh kembang  
cau  
moncorong nunjuk mega lila-lila  
seg ngulapes  
mungguh jalma sok mawa bener  
sorangan.

\*

Ari hantigong bangbara eta nu  
estu  
seug harus omongan  
huang-hiung di luar mah  
imahna mah ngan ukur sereg  
awakna.

\*

Mungguh jalma eta anu harus  
saur  
taya kainggisna

35 Seug ngagulkeun // awak maneh  
hanteu bisa sok dadaku pajar  
bisa.

\*

Hanteu boga seug dadaku pagar  
gaduh  
seug katungtik pisan  
duit sarupia kabeh  
ana ngaku boga sapuluh rupiah.

\*

Basa hanting rupana hurung  
ngagebur  
nyatana buah kalayar  
alus soteh pait ngelel  
nya eta conto jalma goreng niat.

\*

Sinjang gerus udengna dirancung-  
rancung  
baju make kancing emas  
arloji gaya ditaretes  
ditarumpah kari-kari maok hayam

\*

Ari hantung nyatana teh kembang  
cau  
moncorong nunjuk mega lila-lila  
seung ngulapas  
mungguh jalma sok mawa benar  
sorangan.

\*

Ari hantigong bangbara eta nu  
estu  
seug harus omongan  
huang-hiung di luar rumah  
imanna mah ngan ukur sereg  
awakna.

\*

Mungguh jalma eta anu harus saur  
taya kainggisna

35 seung ngagulkeun awak manen  
nanteu bisa sok dadaku pajar bisa.

\*

Hanteu boga seug dadaku pagar  
gaduh  
seug katungtik pisan  
duit sarupia kabeh  
ana ngaku boga sapuluh rupiah.

\*

Hanti warna teuveul nyiruan tangtu  
 eta yuni menak  
 mun ditiru langkung sae  
 leuwih rajin sagala lampah  
 perceka."

\*

Eta manuk tiga warna tembang pucung.  
 Jalma sadayana  
 estu pada heran kabeh.  
 Manuk ngomong cara jalma nu nonoman.

#### \* Kinanti \*

Pek dicandak eta manuk nya eta ka Raden Patih.  
 Tuluy manuk dibungkus dibungkus ku sutra kuning.  
 Seug nganggo Raden Patih saparaboting bopati.

\*

Raden Patih enggeus tuluy sarta bari mawa paksi.  
 Geus linggih ka pakeman lajeng mariksa Neng putri,  
 "(ra) Den Patih, kuma ayeuna perkawis eta paksi?"

\*

Raden Patih tuluy matur,  
 "Kaula nun, inggih Gusti Dahatilala Murtada  
 inggih mendak tiga warni.  
 Anggo dapon geus kacandak.  
 36 Den buntel inggih wongraen. //

\*

Hanti warna teuveul nyiruan tangtu  
 eta yuni menak  
 mun ditiru langkung sae  
 leuwih rajin sagala lampah  
 perceka.

\*

Burung tiga warna itu bertembang pucung.  
 Semua orang sungguh merasa heran.  
 Burung berbicara seperti orang muda

#### \* Kinanti \*

Burung itu lalu dibawa oleh Raden patih  
 Burung lalu dibungkus, dibungkus dengan sutra kuning.  
 Raden patih berpakaian berperlengkapan bupati

\*

Raden patih telah berlalu sambil membawa burung.  
 Telah tiba di kerajaan, lalu Neng putri bertanya,  
 "Raden patih, bagaimana sekarang keadaan burung"

\*

Raden patih lalu berhatur.  
 "Jungjunganku, benar Gusti, dahatillala murtalada,  
 benar menemukan tiga warna. pendeknya, sudah terbawa.

36. Den buntel inggih wongraen. //

\*

Den simpeh lebeting kalbu  
kaula nun inggih Gusti.  
Kebat eta muru cahya  
perekawis tiga warna  
ku abdi enggeus kabawa.  
Sumangga ieu nun Gusti.

\*

Tiga warna langkung alus.”  
Pek dibuka ku Neng Putri.  
Raja putri pek ngandika,  
”Kutan manuk langkung resik  
geus moal aya tandingan.  
Sipat manuk bear budi.

\*

Coba geura ngawih manuk  
kinanti nu langkung manis.”  
Manuk tuluy bae tembang  
kinanti, nu langkung licin.  
Sorana gumear bear.  
Ngadangukeun Nyai Putri.

\*

Manuk tembang langkung lucu:  
”kaos handapeun pipinding.  
Diparaban kembang gambir  
kalung leutik sayang japatil  
obat sinangling ruhak  
kuciat jadi di pipir.

\*

Pikir mah ti barang tepung  
ngan rumaos lain tanding  
sumedet hayang migarwa  
nu matak wakca ku sindir  
poma Gusti ulah becang  
tobat lain ngunghak abdi.

\*

Tersimpan dalam hati,  
Jungjunganku, benarlah Gusti.  
Sigap memburu cahya  
perkara tiga warna  
telah saya bawa,  
silakan, inilah Gusti.

\*

Tiga wanra sangat bagus.”  
Lalu dibuka oleh Neng putri.  
Raja putri lalu berkata,  
”Oh, burung sangat resik,  
tak ada tandingannya.  
Sifat burung luhur budi. (ramah).

\*

Coba segera bernyanyi, burung,  
kinanti yang sangat manis”.  
Burung itu bertembang  
kinanti yang sangat apik.  
Suaranya tegar menyayat hati.  
Nyi putri mendengarkan.

\*

Burung bernyanyi menarik hati  
(kaos handapeun pipinding  
diparaban kembang gambir  
kalung leutik sayang japatil  
obat sinangling ruhak kuciat jadi di  
pipir.

\*

Pikir mah ti barang tepung  
ngan rumaos lain tanding  
sumedet hayang migarwa  
nu matak wakca ku sindir  
puma Gusti ulah bedang  
tubat lain ngunghak abdi.

\*

Teu kuat pikir kula nun  
nu kangen salawas Gusti.

- 37 Kasintu dina buruan //  
hayam cempa saba kulah  
beuki lami beuki nyeri.

\*

Teu kuat pikir kula nun  
nu kangen salawas Gusti.

37. kasintu dina buruan //  
hayam cempa saba kulan  
beuki lami beuki nyeri.

\*

Aya bale tengah lembur  
ngan bati rumanjung pikir.  
Pentil kupa pipikiran  
lumenyap nya pipikiran.

\*

Aya bale tengah lembur  
ngan bati rumanjung pikir  
pentil kupa pipikiran  
lumenyap nya pipikiran.

**\* Sinom \***

Beuleum cau ninggang dulang  
tutug teuing pikir kuring  
reregan sabudeur imah  
tampian nunjang ka langit  
elingna saumur-umur  
buntut jarum pangaputan  
kelar teuing diri kuring  
rujak bonteng ngeureuyeuh nya  
pipikiran.

**\* Sinom \***

Beuleum cau ninggang dulang  
tutug teuing pikir kuring  
reregan sabudeur imah  
tampian nunjang ka langit  
elingna saumur-umur  
buntut jarum pangaputan  
kelar teuing diri kuring  
rujak bonteng ngeureuyeuh nya  
pipikiran.

\*

Haruman gunung haruman  
haruman kembang waluri  
kaluman kuring kaluman  
kaluman teu diperduli  
tanjakan katinggang cai  
elingna saumur-umur  
jahe tegal beureum tangkal  
puyang-peyangna nya diri.”  
Tamat tembang putri hookeun  
kacida.

\*

Haruman gunung haruman  
haruman kembang waluri  
kaluman kuring kaluman  
kaluman teu diperduli  
tanjakan katinggang cai  
elingna saumur-umur  
jahe tegal beureum tangkal  
puyang-peyangna nya diri.  
Tamat bertembang, putri sangat  
terpesona.

\*

Pek dicandak diusapan.  
**Manuk mureleng ka putri.**  
**Manuk tuluy ngagalekan**  
**ka anu siga cengkir gading.**  
**Embungeun cicing di gigir**  
**manuk hayang dilalahun**  
**Bet manuk ngalunjak pisan**  
**embung diteundeun di gigir.**  
**Ari nyatu kudu bae dihuapan.**

\*

**Ngan kayungyun ku rupana.**

**Buluna patingkaretip**  
**kawas ciibun maruntang.**  
**Tingkah polah matak asih**  
**ari lampah cara jalmi.**  
**Hulu nyusup kana susu**  
**38 sukuna teterencean //,**  
**kana bitis kana pingping.**  
**Beurang-peuting manuk**  
**embungeun papisah.**

\*

**Tembang deui sisindiran**  
**laguna sinom gurandil:**  
**"Jalatreng kembang pongporang**  
**jalantir di sisi jami**  
**ekek naek kana awi**  
**jeung nyeuseup kembang tunjung**  
**hayam cempa lalayaran**  
**kalong digogogan anjing**  
**tangkal kawung kebo ngoyok dina**  
**ranca.**

\*

**Hayang teu burung kasorang**  
**nenudeun semu dina pikir".**  
**Kocap (ra) Den Patih Subala**  
**marak ka Putri rek nagih**  
**nyembah matur Raden Patih,**  
**"Reh Gusti ka pungkur sanggup."**  
**Raja Putri pok ngandika,**  
**"Ku kami enggeus kaharti.**  
**Tempo bae poe hiji poe dua."**

\*

**Lalu (burung) diambil diusap-usap.**  
**Burung mengerling ke putri.**  
**Burung lalu menyentuh**  
**benda seperti kelapa gading.**  
**Tak mau berdiam di pinggir,**  
**burung ingin dipangku.**  
**Ternyata burung banyak tingkah,**  
**enggan ditaruh di samping.**  
**Kalau makan mesti saja disuapi.**

\*

**Hanya memang terpesona dengan**  
**rupanya.**

**Bulunya berkilaun**  
**bak embun bergantungan.**  
**Tingkah laku membuat sayang**  
**sedangkan tingkahnya seperti orang.**  
**Kepala menyusup ke payudara,**

**38. kakinya merentak-rentak //**  
**ke betis dan paha.**  
**Siang-malam burung tak mau ber-**  
**pisah.**

\*

**Bertembang lagi sisindiran,**  
**lagunya sinom gurandil:**  
**(Jalatreng kembang pongporang**  
**jalantir di sisi jami**  
**ekek naek kana awi**  
**jeung nyeuseup kembang tunjung**  
**hayam cempa lalayaran**  
**kalong digogogan anjing**  
**tangkal kawung kebo ngoyok dina**  
**ranca.**

\*

**Hayang teu burung kasorang**  
**neundeun semu dina pikir.**  
**Tersebut Raden Patih Subala**  
**menghadap ke putri akan menagih,**  
**sungkem berhatur Raden patih,**  
**"Dulu, Gusti berkata bahwa**  
**sanggup".**  
**Raja putri lalu berkata,**  
**"Sudah aku pahami.**  
**Beri waktu sehari-dua hari".**

- \*  
**Ki Patih geus kitu mulang.**  
 Pok ngumaha Ratna Putri  
 ka manuk pun tiga warna,  
 "Eta patih nagih jangji.  
 Naha teges jodo kami?  
 Maneh ngucap sing satuhu."  
 Pok tiga warni ngucap,  
 "Eta lain jodo Gusti.  
 Jodo Gusti geus aya di padaleman.
- \*  
 Kudu ngadamel lantaran  
 ayeuna ka Raden Patih.  
 Sumangga abdi kurungan  
 teundeun di luhur caringin.  
 Pek pada ngabedil abdi.  
 Lamun keuna eta tangtu  
 39 yen // pasti jodo Gamparan.  
 Saembara kabeh bopati.  
 Saha-saha nu keuna jodo  
 Gamparan."
- \*  
 Putri geus kitu ngandika,  
 "Maneh manuk tiga warna,  
 naha bet hayang dipanah?  
 Kami tangtu kaedanan.  
 Lamun keuna ku jamparing  
 geus tinangtu jadi pegat jadi raja."
- \* Magatru \***
- Ratna Putri ka emban lajeng  
 ngadawuh,  
 "Coba saur Raden Patih!"  
 Emban gancangna tuluy  
 ngadeuheus ka Raden Patih.  
 Patih mariksa jeung atoh.
- \*
- "Aya naon maneh Emban rusuh-rusuh?"  
 "Gamparan enggal disaur."  
 Patih nganggo tuluy indit.  
 Barang dongkap ka kadatuan
- \*  
**Setelah itu Ki patih pulang.**  
 Ratna putri lalu mengadu kepada  
 burung tiga warna,  
 "Patih itu menagih janji.  
 Apa pantas menjadi jodoku ?  
 Engkau berkata dengan jujur".  
 Berkatalah tiga warna,  
 "Dia bukan jodo Gusti.  
 Jodo Gusti telah ada di kerajaan.
- \*  
 Harus membuat taktik  
 sekarang ini, Raden patih.  
 Silakan saya kurungi,  
 taruh di atas beringin.  
 Lalu tembakilah saya.  
 Kalau terkena itu tentu
39. bahwa // dia pasti jodo paduka.  
 Bersayembaralah seluruh bupati.  
 Siapa yang mengena itulah jodo  
 paduka".
- \*  
 Setelah itu, putri berkata,  
 "Engkau, burung tiga warna,  
 mengapa ingin dipanah ?  
 Alangkah ngerinya aku.  
 Diriku sengat menyayangkan  
 jika (engkau) mati dipanah orang.  
 Aku tentu mabuk kepayang.  
 Kalau terkena anak panah,  
 sudah tentu batal menjadi raja".
- \* Magatru \***
- Ratna putri lalu berkata kepada  
 Emban, .  
 "Coba, panggilkan Raden patih!"  
 Emban lekas berlalu,  
 menghadap kepada Raden patih.  
 patih bertanya dengan riang.
- \*  
 "Ada apa, Emban, begitu tergesa-gesa"  
 Emban lalu berhatur kepada patih,  
 "paduka, segera dipanggil".  
 patih berpakaian dinas lalu berangkat.  
 ketika datang ke keraton

\*

Ratna Putri ka Patih enggal  
ngadawuh.

"Aeh, ayeuna Raden Patih  
ieu geura teundeun manuk  
dina luhureun caringin.  
Pada manah sing katojo.

\*

Ku sadaya nu salawe ratu-ratu  
jeung sakabeh pala manteri.  
Saha nu keuna ka manuk  
eta keur caroge kami  
diangkat perabu anom."

\*

Gancangna patih ngembarkeun ka  
ratu-ratu  
anu salawe nagari.

40 Pada nyangking // panah ratu  
enggeus sadaya jamparing  
anu salawe bupatos.

\*

Eta manuk enggeus diteundeun di  
luhur  
dina luhureun caringin.  
Ratu salawe geus kumpul  
di alun-alun ngabarisi.  
Patih nyaur ti babancong.

\*

"Aeh, ayeuna ka sadaya ratu-ratu  
geura pentangkeun jamparing.  
Saha nu keuna ka manuk  
keur buat caroge putri  
diangkat perebu anom."

\*

Geus geledeg mariem surak  
ngaguruh.  
Tatabeuhan kabeh muni.  
Nu saembara manah manuk  
raja salawe nagari.  
Geus pung-peng kabeh bupatos.

\*

Ratna putri berkata kepada patih,  
"Ah, sekarang Raden patih,  
coba ini simpan burung  
di atas pohon beringin.  
panahi supaya kena

\*

oleh semua ratu yang dua puluh  
lima,  
dan seluruh para menteri.  
Siapa yang bisa membidik burung,  
itulah calon suamiku,  
diangkat sebagai raja muda".

\*

Segera patih mengumumkan ke-  
pada ratu-ratu  
yang dua puluh lima negeri.

40 sama menenteng // panah, ratu  
semuanya, membawa panah  
yang dua puluh lima bupati.

\*

Burung itu telah diletakkan di atas,  
di atas beringin.  
Dua puluh lima ratu telah ber-  
kumpul,

berbaris di alun-alun.  
patih berseru dari pendopo.

\*

'He, sekarang kepada semua ratu,  
segera lepaskan anak panah.  
Siapa berhasil membidik burung  
dijadikan suami putri,  
diangkat menjadi raja muda!"'

\*

Setelah meriam mengelegar, sorak  
bergemuruh.  
Tetabuhan semua berbunyi.  
Yang bersayembara burung  
raja dua puluh lima negeri.  
Semua bupati telah melesatkan  
panah.

\*

Sadayana eta raja pada duduk  
kawantu manah paranti.  
Jamparing ka luhur puluk  
jamparing sok balik deui  
ka nu manah tingjareto.

\*

Raja-raja patih manteri  
tingkudupung  
sabab jamparingna malik  
hanteu keuna kana manuk.  
Pangawasa tiga warni  
nu manah patingjolopong.

\*

Eta manuk pindah kana luhur  
kurung.  
Rengkebeng jangjangna ngibing.  
susumbar di luhur kurung  
ka manteri reujeung ka patih  
ka sadaya per bupatos.

\*

"Maju rempug ulah aya anu  
kantun!  
Mun aing beunang ditiir  
ku anu salawe ratu,

41 tangtu beunang putri geulis //  
diangkat perabu anom!"

\*

Para raja sewotna kaliwat  
langkung  
asa disebit nya cepil.  
Pek dipanah deui manuk  
jamparingna malik deui.  
Tiga warni kacarita  
eta manuk ti peuting sok ka  
kadatuan  
mawa ulah ka Nyi Putri.  
Huluna disusup-susup  
sungkap-singkap  
kana pipi sengak-sengok.

\*

Semua raja duduk,  
maklum saja terbiasa memanah.  
panah melenting ke atas,  
panah suka berbalik lagi  
mengena pada yang memanah.

\*

Raja-raja, patih, menteri bertumbang  
sebab panahnya berbalik,  
tak mengenai burung.  
Kedigdayaan tiga warna,  
yang memanah bergelimpangan

\*

Burung itu berpindah ke atas  
sangkar.  
Merentang sayapnya berkepak.  
Sesumbar di atas sangkar  
kepada menteri dan patih,  
kepada semua bupati.

\*

"Maju serbu, jangan ada yang  
tertinggal!  
kalau aku kena ditusuk  
oleh yang dua puluh lima ratu,

41 tentu dapat putri cantik, //  
diangkat menjadi raja muda!"

\*

Para raja marahnya tak terkira,  
serasa disayat kuping.  
Burung dipanah lagi,  
panah berbalik lagi.  
Tersebut tiga warna.

\*

Burung itu, kalau malam, suka ke  
keraton  
bercanda dengan Nyi putri.  
Kepalanya disusup-susupkan,  
menyingkap-nyingkap,  
ke pipi mengecup-ngecup.

\*

Sok katunda eta nu saembara  
manuk.

Aya nu kacatur deui di  
Tawanggantungan ratu  
nyaur ka putra nu alit  
namana Jaka Karaton.

\*

”Aeh, Karaton, raka maneh kudu  
susul  
jeung kudu bae kapanggih.  
Jaka Barjah enggeus mashur  
ngaranna teh ti leuleutik.  
Ku Ujang ayeuna dongdon.

\*

Jaka Barjah ku Ujang kabantun  
arek matak kudu kabantun.  
Ku Ujang kudu kapanggih.”  
Geus dongkap Jaka Karaton.

\*

Lajeng angkat (ra) Den Karaton  
seja nyusul  
kebat bae beuki jauh  
mapay lebak nyukang pasir  
hanteu puguh anu dijugjug  
sartana teu acan kapanggih  
Mendak guha bijil atoh.

\*

Raden Jaka Karaton ninggali  
kana guha noong.  
Emban Sumitara mariksa bae  
42 eta nu di guna // nitih.  
(ra) Den Karaton calik.  
”Ari ayeuna teh Agus.

\*

Tunda dulu yang sedang sayembara  
burung.

Ada yang dikisahkan lagi di  
Tawanggantungan. Ratu  
memanggil putra yang kecil  
bernama Jaka Karaton.

\*

’He, Karaton, kakakmu harus  
kamu susul,  
dan harus ditemukan.  
Jaka Barjah telah termashur  
namanya sejak kecil.  
Harus Ujang datangi.

Jaka Barjah harus terbawa oleh  
Ujang,  
akan diserahi negeri,  
karena itu harus terbawa.  
Harus ditemukan Ujang”.  
Telah datang Jaka Karaton.

\*

Lalu Raden Karaton berangkat  
untuk menyusul.  
Cepat semakin jauh,  
menyusuri sungai, memotong  
perbukitan,  
tak tentu yang dituju  
serta belum juga ditemukan.  
Menemukan gua muncul rasa  
gembira.

\*

Raden Jaka Karaton melihat  
ke dalam gua, mengintip.  
Emban Sumitara bertanya  
42 kepada yang digua // berdiam.  
Raden Karaton duduk.  
”Agus, memang sekarang

\*

naon anu matak sumping?"  
 (ra) Den Karaton Walon,  
 "Abdi eukeur susah gede  
 nu mawi marek sim kuring  
 diutus ku Gusti  
 kudu nyusul dulur."

\*

Iman Sumitara ngalahir,  
 "Raka moal tambong  
 sabab raka keur seseren.  
 Ayeuna geus salin rupi  
 tatapi bakal kapanggih  
 eta teh ku Agus

\*

da tangtu bakal kapanggih.  
 Ayeuna Eyang wawertos  
 sugaran hayang putri sae  
 di nagri Cantakapuri  
 ayeuna saembara putri.  
 Salawe raja geus kumpul.

\*

keur manahan tiga warna.  
 Pok amit Jaka Karaton,  
 "Abdi neda jiad Eyang bae."  
 Jaka Karaton geus indit  
 geus dongkap ka tepis wiring  
 wates Cantaka purun.

\*

Ka nagara Raden geus sumping.  
 Kalangkung kaget Karaton  
 Katingal raja salawe  
 keur manahan tiga warni.  
 Jaka Karaton ngalahir,  
 "kabeh ratu-ratu

\*

ada apa sehingga datang?"  
 Raden Karaton menjawab,  
 "Hamba sedang sangat kesusahan,  
 karenanya saya menghadap  
 diutus oleh Gusti  
 harus menyusul saudara".

\*

Iman Sumitara berkata,  
 "Kakak tak akan terlihat  
 sebab Kakanda sedang berpasrah.  
 Kini sedang berganti wujud,  
 namun akan ditemukan  
 oleh Agus

\*

karena tentu akan ditemukan.  
 Sekarang Eyang memberi tahu,  
 barangkali menghendaki putri elok.  
 Di negeri Cantakapuri  
 sekarang ada sayembara putri.  
 Dua puluh lima raja telah ber-  
 kumpul

\*

sedang memanah tiga warna.  
 Jaka Karaton berpamitan,  
 "Hamba memohon doa Eyang".  
 Jaka Karaton telah pergi,  
 telah datang ke tepis wiring,  
 perbatasan Cantaka purun.

\*

Raden telah datang ke negeri.  
 Karaton sangat terkejut,  
 terlihat raja dua puluh lima  
 sedang memanah tiga warna.  
 Jaka Karaton berkata,  
 "Semua ratu,

\*

ka anu keur mentang jamparing,  
abdi harus damel naon?  
Ieu teh raja sakabeh  
aya padamelan Gusti  
ku abdi tacan kaharti,  
nyuhunkeun nu tangtu.

\*

Yang sedang merentang panah,  
hamba bertanya, sedang apa?  
Ini semua raja?  
Ada kegiatan Gusti?  
Belum saya pahami,  
mohon penjelasan yang pasti”.

\*

Raja geus kitu ngalahir,  
”Ieu kula nu sayaktos  
keur buburuh manah paksi.  
Tatapi ieu jamparing  
hanteu keuna kana manuk.

\*

Raja setelah itu berkata,  
”Aku ini yang sebenarnya,  
sedang berlomba memanah paksi.  
Namun, panah ini  
tak mengenai burung.

\*

Panah anggur balik deui  
panah atahadol.  
Anggur sok malik ka dewek.  
Ku sadaya teu kaharti!”  
(ra) Den Karaton nyaur deui,  
”Ceung abdi hayang nyuhun.”

\*

panah malahan berbalik lagi,  
panah kurang ajar!  
Malah suka berbalik kepadaku.  
Tak dimengerti oleh semua!”  
Raden Karaton berkata lagi,  
”Coba, hamba ingin menjajal”.

\*

Raja nyaur sarta bengis,  
”Bet maneh mah komo  
Cacakan ieu kami oge  
taya nu keuna sahiji  
Maneh mah komo teuing!”  
Jaka karaton pok nyaur,

\*

Raja berseru dengan sengit,  
”Apalagi kamu,  
aku saja sekalipun  
tak ada yang kena satu pun,  
kamu apalagi!”  
Jaka karaton berkata,

\*

”Mangga pasihkeun jamparing.”  
Geus kitu Raja ngawalon,  
”Seug pake ieu jamparing teh.  
Lamun beunang ieu paksi.  
mansing keuna sidik,  
ku urang dipulung.

\*

”Mohon, berilah panah”.  
Setelah itu Raja menjawab,  
”Silakan, pakailah panah ini.  
Jika burung ini terkena,  
dengan telak,  
aku pungut.

\*

Manuk dipulung ku kami.”  
 Saurna (ra). Den Karaton,  
 ”Mangga hanteu perang rame.”  
 Gondewa reujeung jamparing  
 ku (ra) Den Karaton dijingjing  
 dipanahkeun enggeus semprung.

**\* Asmarandana \***

Gondewa reujeung jamparing  
 ku (ra) Den Karaton dicandak  
 dipanahkeun enggeus seot.  
 Geus keuna kana kurungna.  
 (ra) Den Karaton mindo manah.  
 Jamparing ka luhur puluk  
 ngagaris kana kurungna.

\*

Karaton ngawatek aji  
 janur seda anu diwaca.  
 Keuna kana kurung jentot  
 kurungna murag ka handap.  
 Manukna ka padaleman.  
 (ra) Den Karaton tuluy nyusul  
 diudag ka padaleman.

\*

Manuk tuluy mabur tarik.  
 (ra) Den Karaton kebat ngudag.  
 Ka luhur manuk diboro  
 ka handap milu ka handap.  
 Manuk teuleum ka sagara  
 Karaton teu weleh nyusul tuluy  
 milu ka sagara.

\*

Ti sagara ngapung deui.  
 44 (ra) Den Karaton hanteu tinggal //  
 asup kana leuweung gede.  
 Karaton mentang gondewa  
 geus keuna kana dadana.  
 Barang jumpalik pek nangtung  
 leungit manuk jadi Barjah.

\*

Burung aku pungut”.  
 Ujar Raden Karaton,  
 ”Baiklah, tak berperang ramai”.  
 Busur dan panah  
 ditenteng oleh Raden Karaton.  
 panah telah dilesatkan.

**\* Asmarandana \***

Busur dan panah  
 dibawa oleh Raden Karaton,  
 telah dilesatkan panahnya.  
 Telah mengenai sangkarnya  
 Raden Karaton mengulangi  
 memanah.  
 Panah melenting ke atas,  
 menggores sangkar.

\*

Karaton membaca aji.  
 Janur seda yang dibaca.  
 Sangkarnya jatuh ke bawah.  
 Burung ke tempat raja.  
 Raden Karaton lalu menyusul,  
 mengejar ke ruangan raja.

\*

Burung lalu terbang kencang.  
 Raden Karaton cepat mengejar.  
 Ke atas burung diburu,  
 ke bawah ikut ke bawah.  
 Burung menyelam ke segara,  
 Karaton tak berhenti menyusul  
 ke segara.

\*

Dari segara terbang lagi.  
 44. Raden Karaton tak tertinggal, //  
 masuk ke rimba belantara.  
 Karaton merentang busur panah  
 telah kena ke dadanya.  
 Setelah terjungkal lalu tegak,  
 hilang burung jadilah Barjah.

\*

Jaka Karaton ngalahir,  
 "Hayon, aling geura yuda  
 tangtu beunang putri anom.  
 Da sia manuk geus beunang.  
 aing bakal jadi raja!"  
 Jaka Barjah lajeng nyaur,  
 "Mangke aing mun geus modar.

\*

Jaka Karaton berucap,  
 "Ayo, segera serang aku,  
 tentu mendapatkan putri muda.  
 Kau burung sudah kena,  
 aku bakal menjadi raja!"  
 Jaka Barjah lalu berseru,  
 "Nanti jika aku sudah mati !

\*

Mun aing geus jadi cai  
 tangtu dibikeun ka sia.  
 Lamun aing tacan paeh  
 mun masih kenen hirup mah  
 aing teu sieun ku sia.  
 Da sing teh moal mundur.  
 Sia ulah mundur perang!"

\*

Jika aku sudah menjadi air  
 tentu akan diberikan kepadamu !  
 Jika aku belum mati, masih hidup,  
 aku tak takut kepadamu !  
 Aku tak akan mundur !  
 Kau jangan mundur dari perang !"

### \* Durma \*

(ra) Den Karaton ambekna  
 katamban,  
 "Montong loba omong teuing.  
 Deuk sabaraha bulan  
 perang mah da moal lumpat.  
 Da aing ge enggeus wani  
 ngalawan sia.  
 Geura pek tarajang aing!"

\*

Ngawalonan Jaka Barjah nyaur  
 keras.  
 "Coba aing pentang deui.  
 Eta gondewa sia.  
 Coba aing geura sorang.  
 Eh, Karaton bocah cilik,  
 aing geura lawan!  
 Sor maju, Karaton kecil!"

### \* Durma \*

Raden Karaton makin murka,  
 "Jangan banyak omong !  
 Mau berapa bulan  
 berperang, tak akan lari !  
 Aku telah berani  
 melawan kau !  
 Cepat, terjanglah aku !"

\*

Jaka Barjah kembali berseru,  
 "Cobalah, aku bidik lagi!  
 Itu busurmu !  
 Coba seranglah aku !  
 He, Karaton, bocah cilik,  
 cepat lawan aku !  
 Majulah, Karaton kecil!"

\*

Tuluy jawab Karaton, "pek geura  
jajal.

Latik oge kajeun teuing.

Aing teh da moal lumpat.

Geura pek maneh narajang."

(ra) Den Barjah ngawalon bengis

45 tuluy // narajang.

"Lekas kuwe maju jurit.

\*

Cekal sabuk bilang tatu reujeung  
sia!"

(ra) Den Karaton maju wani.

Der perang reujeung Barjah.

pinter sarua pinterna

nu perang paginding-ginding.

Estu tandingan

taya nu kalah sahiji.

\*

Pada gagah Karaton jeung Jaka  
Barjah

pada hanteu naringali

yen hanteu nyana

wantuning papanggih kakara.

Hayon bae eta jurit

paduduaan

tujuh poe tujuh peuting.

\*

Dua tumbak dialungkeun Jaka  
Barjah.

(ra) Den Barjah geus hudang deui

Wantu taya baturna

narajang deui Jaka Barjah.

Top Males ngalungkeung tarik.

Beng tilu tumbak

ampir hanteu bisa usik.

\*

Lalu jawab Karaton, "Ayo, segera  
jajal !

Kecil juga biarlah.

Aku tak akan lari.

Ayo, kamu menerjang."

Raden Barjah menjawab sentig,

46 lalu menerjang.

"Lekas kau maju bertempur.

\*

Berperang sabuk berhitung luka  
dengan kau !"

Raden Karaton maju dengan  
berani.

Lalu berperang dengan Barjah.

Sama-sama pintar,

yang berperang adu cakap.

Benar-benar setanding,  
tak ada yang kalah salah satu.

\*

Sama gagahnya Karaton dan  
Jaka Barjah

sama tak memperhatikan  
dan tak menyangka

maklum saja baru bertemu.

Terus saja bertempur

berdua saja

tujuh hari tujuh malam.

\*

Dua tumbak dilontarkan Jaka Barjah  
Raden Barjah telah bangkit lagi.

Karena tak ada temannya,

Jaka Barjah kembali menerjang.

Lalu membala menghempaskan  
keras,

sejauh tiga tembok,

nyaris tak bisa berikutik.

\*

(ra) Den Karaton perangna kawás  
teu nangan.  
(ra) Den Barjah susumbar tarik,  
"Hayoh, maju sia  
ulah lalawora.  
Incu Nagasantra aing  
dasar sagara  
Nagawati ibu aing!

\*

Ibu aing turunan  
Tawanggantungan.  
moal eleh ku sia aing.  
Montong disebutkeun Barjah  
bisa rupa sato hewan  
jadi manuk tiga warna.  
Nyata lalanang  
najan hayang jadi isteri.

\*

46. jadi banteng jadi // cara buta aing  
bisa  
sanajan jadi angin!  
Naha sia bet ngalawan?  
pek deui aing terjang!"  
undur-unduran  
ngageuwat nytingkir ka sisi.

\*

Geus kapikir sinoreng nu  
diteangan:  
'Kutan eta Raka aing?  
Ari deuk waleh aing era  
dipajarkéun aing eleh.  
Leuwih hade aing nytingkir  
deuk ka nu anggang  
ka Tawanggantungan nagri.'

\*

Raden Karaton berperang seperti  
tak bersemangat.  
Raden Barjah sesumbar lantang,  
"Ayo, majulah kau,  
jangan gegabah !  
Aku cucu Nagasantra  
dari dasar segara  
Ibuku Nagawati !

\*

Ibuku keturunan  
Tawanggantungan.  
Aku tak akan kau kalahkan !  
jangan dipanggil Barjah (kalau  
tak bisa)  
menjadi binatang,  
menjadi burung tiga warna !  
jelas laki-laki  
meskipun bisa menjadi perempuan

\*

46 menjadi banteng, menjadi // ala  
raksasa aku bisa,  
bahkan menjadi angin !  
Apa kau berani melawan ?  
Ayo, terjanglah lagi aku !"  
Raden Karaton berjalan ke pinggir  
mundur  
segera menyingkir ke tepi.

\*

Telah terpikir ternyata itu yang  
dicari.  
'Benarkah kakakku?  
Malu aku kalau berterus terang,  
takut dikira kalah.  
Lebih baik aku menyingkir  
ke tempat jauh  
ke negeri Tawanggantungan.'

\*

Jaka Barjah ka Jaka Karaton  
nangtang,  
"Humirep jadi lalaki  
bet sia geuning teu pira!"  
Ku (ra) Den Barjah diteangan.  
"Bet sia teu pira teuing!"  
pek digeroan,  
"Aeh, Karaton, sia bijil!"

\*

Kocap deui putri di Cantaka pura  
leungiteun ku tiga warna.  
Enggeus heubeul pisan  
eta manuk hanteu datang.  
Kaedanan eta putri  
ku tiga warni.  
Nangis bae beurang-peuting.

\*

Jakan Barjah tuluy salin deui rupa  
kudu enggeus jadi manuk deui  
tuluy hiber ngawang-ngawang.  
Enggeus datang ka nagara  
ba'da Isya tuluy ngintip  
pinggir jandela.  
Neng putri keur nganti-nganti.

### \* Kinanti \*

Neng putri Trangganu matur,  
"Aeh, ayeuna Emban Sunti,  
ka maneh coba teangan  
di mana si tiga warni.  
47. Palangsiang // enggeus hilang.  
Boa beunang ku jamparing."

\*

Jaka Barjah menantang Jaka  
Karaton,  
"pengecut menjadi laki-laki !  
Nyata kau tak seberapa!"  
Maka dicari oleh Raden Barjah.  
"Ternyata kau tak seberapa !"  
Lalu diseru,  
"He, Karaton, keluar kau !"

\*

Tersebut putri di Cantaka pura,  
kehilangan tiga warna.  
Telah lama benar  
burung itu tak datang.  
putri tergila-gila  
karena tiga warna.  
Menangis siang dan malam.

\*

Jaka Barjah lalu berganti rupa  
lagi  
harus menjadi burung lagi,  
lalu terbang mengangkasa.  
Telah datang ke negara  
setelah Isya lalu mengintip  
dari sisi jendela.  
Neng putri sedang menanti-nanti.

### \* Kinanti \*

Neng putri Trangganu berkata,  
"He, Emban Sunti, sekarang  
Coba kamu cari  
di mana si tiga warna.  
47 jangan-jangan // sudah hilang,  
barangkali terkena panah."

\*

Manuk enggeus dina pintu  
 dina sanding lawang kori  
 ngintip nu keur sasauran.  
 Eta Emban jeung Nyi Putri  
 kayungyun sapolah-polah  
 susah mun teu balik deui.

\*

”Emban, ieu ſenjo susu,  
 lamun di jalma mah nyiwit  
 digalekan dicakaran.  
 Huluna seug kana pipi.  
 Mun di jalma mah nyiwitan.”  
 Tayohna nanya Emban Sunti.

\*

Keur kitu manuk teh jebul  
 datang ka payuneun putri  
 pok dipariksa,  
 ”Na ti mana tiga warni?”  
 Neng putri bungah manahna  
 sabab manuk datang deui.

\*

Manuk tiga warni matur,  
 ”Pulang neang buah kai  
 da di leuweung ayana.  
 Anu aya buah kai  
 di dieu aya ge mahal  
 lain cara buah manis.

\*

Nyi putri imut pok nyaur,  
 ”Na kumaha tiga warni  
 siga kumaha rupana  
 ari eta buah kai?”  
 Tiga warni tuluy ngucap,  
 ”Jiga buah pasang sidik.

\*

Burung telah di pintu,  
 di samping pintu kori,  
 mengintip yang sedang bercakap-  
 cakap.

Emban dan Nyi putri  
 serba salah tingkah,  
 susah jika (burung) tak kembali.

\*

”Emban, lihatlah ini payudara.  
 Kalau manusia, dia mencubit,  
 mencium dan mencakar.  
 Kepalanya mengentuh pipi.  
 Kalau saja manusia tentu  
 mencubit.”

Agaknya ”Emban Sunti bertanya.

\*

Pada saat itu burung muncul,  
 datang ke hadapan putri  
 lalu ditanya,  
 ”Dari mana tiga warna?”  
 Neng putri riang hatinya  
 sebab burung datang lagi.

\*

Burung tiga warna berhatur,  
 ”pulang mencari buah pohon  
 sebab adanya di hutan.  
 Ada juga buah pohon  
 di sini tapi mahal,  
 tidak seperti buah manis.

\*

Nyi putri tersenyum laju berkata,  
 ”Bagaimana, tiga warna,  
 seperti apa rupanya,  
 buah pohon itu ?”  
 Tiga warna laju berucap,  
 ”Seperti buah pasang sidik.

\*

Taya nu ngaharu-haru  
najan nyoo buah kai.  
Di dieu aya seug dibaeudan  
teu cara di leuweung kai.  
Ayeuna kuring amitan

48. rek leumpang // ka leuweung kai.”

\*

”Alah, jauh atuh manuk.  
Naha maneh tega teuing.  
Ayeuna mah ulah nyaba  
sabab ieu enggeus peuting.  
Sakumaha karep sia  
aing enggeus pasrah diri.

\*

Kejo dina dulang kitu  
saupama diri kami  
dibulak-balik ge suka.  
Sakumaha karep deui  
susu pipi suka pisan  
supaya maneh teh cicing.

\*

Pek manuk ngawih sing lucu  
rek kulem ieu kami  
kinanti anu ngareunah.  
Coba maneh kudu ngawih”.  
Tiga warni tuluy tembang  
laguna kinanti nangis.

\*

”Bangban dieunteupan ciung  
melak pangle dina jami  
melak gentong di buruan  
geugeusan pare di puri  
angsana melak hanggasa  
melak salak jeung kaliki.

\*

Tak ada yang mengganggu,  
sekalipun hanya meraba buahnya.  
Di sini suka dimarahi,  
tak seperti di hutan kayu.  
Sekarang saya berpamit

48 akan berjalan // menuju hutan  
kayu.”

\*

”Alah, jauh benar, burung !  
Mengapa Engkau demikian tega.  
Sekarang jangan bepergian  
sebab sudah malam.  
Sebagaimana keinginanmu,  
aku telah berpasrah diri.

\*

Nasi dalam dulang  
seumpama diriku,  
diaduk-aduk pun rela.  
Sebagaimana keinginanmu pula,  
susu dan pipi sekalipun rela,  
agar engkau betah tinggal.

\*

Ayo, burung, menyanyi yang  
bagus.  
Aku akan tidur,  
kinanti yang enak.  
Coba Engkau menyanyi.”  
Tiga warna lalu tembang,  
lagunya kinanti menangis.

\*

”Bangban dieuteupan ciung  
melak pangle dina jami  
melak gentong di buruan  
geugeusan pare di puri  
angsana melak hanggasa  
melak salak jeung kaliki.

\*

Melak lauk di Nyalindung  
kulahna karek dikali  
kamuning jeung kayu jaran  
jagung mentas kana cai  
tamiang dipake palang  
depageran awi tali.

\*

Nyai kudu gede ma'lum  
ulah arek sakit ati  
wantuning pada anyaran  
rada reuwaseun saeutik  
Engkang teh moal kapalang  
nu bakal bageur ka Nyai.”

\*

49. Manuk dirontok dicium //  
nya eta ku Ratna Putri  
hanteu beda reujeung jalma  
aya enya dipirak  
sanggeus lakian ka paksi

\*

”Kapan maneh rupa manuk  
teu umum hayang ka jalma.”  
Gancangna ka padaleman.  
”Manuk maneh ngawih deui  
laguna anu ngareunah.  
Hayang lagu mijil sidik.”

#### \* Mijil \*

”Kuwung-kuwung melengkung di  
langit  
teja maya katon  
lintang wulan serengenge  
mega ireng kang dumati  
ci gumulung ing langit  
di bumi tumurun.

\*

Melak lauk di Nyalindung  
kulahna karek dikali  
kamuning jeung kayu jaran  
jagung mentas kana cai  
tamiang dipake palang  
depageran awi tali.

\*

Nyai kudu gede maklum  
ulah arek sakit ati  
wantuning pada anyaran  
rada reuwaseun saeutik.  
Engkang ten moal kapalang  
nu bakal bageur ka Nyai.

\*

49 Burung lalu dirangkul-dicium  
oleh Ratna putri.  
Tak beda dengan manusia  
tatkala burung bernyanyi.  
Apakah mungkin dicerai  
hanya karena bersuamikan burung

\*

Engkau ini berwujud burung,  
tak wajar menginginkan orang.”  
Cepat-cepat ke ruangan raja.  
”Burung, coba engkau bernyanyi  
lagi,  
lagu yang enak.,  
ingin lagu mijil”.

#### \* Mijil \*

Kuwung-kuwung melengkung  
di langit  
teja maya katon  
lintang wulan serengenge  
mega ing kang dumadi  
ti gumulung ing langit  
di bumi tumurun.

\*

Geus ngagulung jeung nu seungit  
mangke di kadaton  
hayang tanwande kasorang  
peuting ayeuna jadi  
tangtu ngambung putri  
da geus pada purun.”

\*

Tiga warni geus turun ti katil.  
Lalaunan leos  
eta baju dilaanan bae  
ditunda tojereun putri.  
Manuk tiga warni  
ti bumi tumurun.

\*

Tuluy siram (ra) Den Barjah ti  
peuting,  
kasep sarta anom  
geus taya bandingna bae.  
Di Cantaka taya tanding.  
Tumenggung Bopati  
kasepna teu nyusul.

\*

50. Geus siram (ra) Den Barjah  
mulih //  
asup ka kadaton.  
Kocap putri lilir sare  
ningal euweuh tiga warni.  
Putri alak-ilik  
beh baju ngalumbuk.

\*

Pek dicandak baju ku Neng Putri  
bari tempa-tempo.  
‘Na ka mana ieu manuk teh?  
Ngan cangkangna bae geuning.’  
Putri tuluy ngintip  
di nu buni nyumput.

\*

Geus ngagulung jeung nu seungit  
mangke di Kadaton  
hayang tanwande kasorang  
peuting ayeuna jadi  
tangtu nyambung putri  
da geus pada purun.

\*

Tiga warna telah turun dari katil.  
perlahan-lahan beranjak.  
Bajunya dibuka,  
disimpan di bawah kaki putri.  
Burung tiga warna  
turun dari rumah.

\*

Raden Barjah lalu ma ndi malam  
hari,  
Tampan lagi muda,  
tak ada bandingannya.  
Di Cantaka tak tertandingi  
Tumenggung Bupati,  
ketampanannya tak ada bandingan.

\*

50 Setelah mandi, Raden Barjah  
pulang //  
masuk ke kedatuan.  
Tersebut putri terjaga dari tidur  
tak melihat tiga warna.  
putri menilik-nilik  
tampak baju tercampak,

\*

Baju dipungut Neng putri  
sambil menjenguk-jenguk.  
‘Ke mana ini burung?  
Ternyata cuma kulitnya’.  
putri lalu mengintip,  
bersembunyi di tempat sunyi.

\*

Raden Barjah geus katingal  
kasep sarta anom.  
Rek ngarontok Nyai Putri teh  
geus katingal kasep lantip.  
Barjah barang sumping  
ku Putri dirangkul.

\*

Sina Calik (ra) Den Barjah dina  
korsi.  
Neng Putri geus poho.  
Barjah digugulung bae.  
Putri kumaap jeung nangis,  
"Lamun ti tatadi.  
Bet Engkang malsu."

\*

Kabejakeun ka salawe nagari.  
Manuk geus gentos enggeus jadi  
jalma kasep  
enggeus dikawin Nyi Putri  
geus tetep di nagri  
geus jumeneng ratu.

\*

(ra) Den Barjah jeung Ratna Putri  
wantu pada anom  
sarua geugeutna bae  
nu kasep reujueng nu geulis.  
Geus bareng katawis putri rada  
nguyung.

\*

Kacarita anu salawe nagri.  
Kabeh perbupatos  
geus sadia perejurit kabeh  
masang banderana sami.  
51. pada nangtang // jurit  
barang pek dirurug.

\*

Raden Barjah sudah terlihat  
tampan dan muda.  
Nyi putri akan merangkul,  
sudah terlihat tampan rapi.  
Saat Barjah datang  
dipeluk oleh Putri.

\*

Dipersilakan duduk di kursi,  
Raden Barjah.  
Neng putri tela terlena.  
Barjah terus didekap.  
putri suka bercampur tangis,  
"Coba dari tadi,  
mengapa kakang menyamar".

\*

Tersiar kabar ke negeri dua puluh  
lima.  
Burung telah menjelma menjadi  
orang tampan  
telah dikawini Nyi putri  
telah menetap di negeri  
telah menjadi ratu.

\*

Raden Barjah dengan Ratna putri  
karena sama masih muda  
sama-sama mesra  
yang tampan dengan yang cantik.  
Telah tampak putri agak ngungun.

\*

Tersebut yang dua puluh lima  
negeri  
semua para bupati  
semua telah siap bertempur  
memasang bendera bersama  
51 serempak menantang // bertempur  
bersama lalu digempur.

\*

(ra) Den Barjah geus tetep di putri  
jadi perbu anom  
jeung Nyi Putri pangantenan bae.  
Geus kitu nyaur ka Patih.  
(ra) Den Patih jol sumping  
ka jero kadaton.

\*

"Patih, kudu siap perejurit  
rawuh perbupatos  
wantu-wantu bakal perang rame!"  
Patih pok matur, "Sayekti,  
ngan kari jung indit  
sadia ti pungkur."

### \* Pangkur \*

Patih pamit ka Raja  
ti karaton seja arek maju jurit.  
wadia balad geus kumpul  
pada ngagem senjata  
tumbak bedil  
gada reujeung suduk  
hanteu aya kakurangan  
mariem pelor jamparing.

\*

Enggeus dipukul tamburna  
tetengger majukeun jurit.  
Mariem enggeus disundut  
surakna ambal-ambalan  
nangtang lawan.  
Bedilna enggeus ngaguruh  
der perang rame kacida  
perjurit pada perjurit

Raden Barjah telah menetap di  
putri  
menjadi raja muda,  
berbulan madu dengan Nyi putri.  
Setelah itu (raja) memanggil  
patih.

Raden patih datang  
ke dalam kedatuan.

\*

"Patih, harus bersiaga prajurit  
berikut para bupati  
karena akan ramai berperang."  
patih berhatur, "Siap,  
tinggal berangkat saja  
bersiaga sejak awal.

### \* Pangkur \*

Patih berpamit kepada Raja,  
dari keraton akan maju berperang,  
Anggota pasukan telah berkumpul  
sama memegang senjata  
tumbak, senapan,  
gada, dan sodokan  
tak ada kekurangan  
meriam, peluru, dan panah.

\*

Tambur telah dipukul  
pertanda maju bertempur.  
Meriam tela disulut,  
suara sorak riuh-rendah  
menantang lawan.  
Senapan telah bergemuruh,  
lalu berperang sangat seru,  
prajurit dengan prajurit

\*

sarua pada wanina.  
 Anu perang silih tumbak silih bedil  
 ruket sareng tuluy gelut.  
**Balad di Cantaka Pura**  
 hanteu kuat.  
**Soldadu loba nu kabur**  
 pada lumpat ka nagara.

52. Nu mati patumpang tindih. //

\*

Raja salawe nagara  
 maju rempug geus teu pilih  
 tanding.  
 Geus kitu hiji soldadu  
 geuwat lapor ka Raja,  
**"Balad Gusti**  
 geus teu kiat ngalawan musuh.  
 Ratu salawe nagara  
 ngamuk geus teu pilih tanding."

\*

(ra) Den Patih Jaya Subala geus  
 teu kuat ngalawan perang bopati.  
 Parbu anom dangdan maju  
 sarta nitihan kuda.  
 Enggalna bae  
 Sang Raja nangtang musuh  
 der ngamuk di luhur kuda.  
 Musuhna hayoh dibasmi.

\*

Barjah bendu pangamukna.  
 Wadia balad eta nu salawe nagri  
 nu hirup bung-beng kalabur.  
 Barjah sewot perangna  
 nerus bumi  
 jebul ti hereupeun musuh  
 ana bijil jadi oray.  
 Musuhna taya nu mani.

\*

sama-sama berani.  
**Yang berpeang saling menombak**  
 saling membidik,  
 rapat dan terus bergulat.  
 pasukan di Cantaka pura  
 tidak kuat,  
**Serdadu banyak yang kabur,**  
 berlarian ke negara.

52 Yang mati bertumpang tindih. //

\*

Raja dua puluh lima negeri  
 Setelah berunding bersama-sama  
 menyerbu  
 Setelah itu satu serdadu  
 cepat melapor kepada Raja,  
**"Pasukan Gusti**  
 sudah tak kuat melawan musuh.  
 Ratu dua puluh lima negeri,  
 mengamuk membabi-butta."

\*

Raden Patih Jaya Subala ubala  
 sudah tak kuat melawan bupati  
 berperang.  
 Prabu muda berdandan maju  
 serta menyiapkan kuda.  
 Segera saja  
 sang Raja menangtang musuh,  
 lalu mengamuk di atas kuda.  
 Musuhnya terus dibasmi.

\*

Barjah geram mengamuk.  
 Anggota pasukan dua puluh lima  
 negeri  
 yang hidup berlarian.  
 Barjah berperang dengan geram  
 menembus bumi  
 muncul di hadapan musuh  
 ketika keluar menjadi ular.  
 Musuh tak ada yang memadai.

\*

Lir onta raja upama  
ana perang datang tina jero bumi  
wantuning turunan ratu  
putuna Nagasantra  
ibu Nagawati Tawanggantung.  
Raja salawe nagara  
geus taya nu wani jurit

\*

geus pada serah bongkokan.  
Eta Raja sumeja nyuhunkeun hurip  
ayeuna sumeja taluk  
seja nyanggakeun sumpah  
raja-raja.

53. Ku Barjah // enggeus kama'lum  
dan dihampura sadaya.  
Peperang enggeus lastari.

\*

Dipestakeun raja-raja.  
Sanggeus pesta, eta raja pada mulih.  
Aya deui nu kacatur  
Sang Maharaja Campala.  
Beurang-peuting raja anom eta  
bendu  
sabab hoyong boga garwa.  
Eta anu matak pusing.

\*

Parabu anom pok unjukan  
ka ibuna, "Ayeuna Ibu, sim kuring  
hayang ka Putri Trangganu.  
Lamun hanteu kasorang  
kuring daek pundung.  
Rek nigas raga ku pedang  
lamun teu beunang Nyi Putri."

\*

layaknya raja unta  
saat berperang datang dari dalam  
bumi  
Maklum saja keturunan ratu,,  
cucunya Nagasantra,  
beribu Nagawati  
Tawanggantungan.  
Raja dua puluh lima negeri  
tak ada yang berani bertempur.

\*

Telah bertekuk lutut.  
Raja mengharapkan hidup,  
sekarang berniat takluk,  
akan mengangkat sumpah  
raja-raja.

53 Barjah // telah maklum,  
semua dimaafkan.  
peperangan telah selesai.

\*

Raja-raja dipestakan.  
Setelah pesta, raja itu sama pulang  
Ada lagi yang tersebut  
Sang Maharaja Campala.  
Siang malam raja muda itu marah  
sebab ingin punya istri.  
Itu yang membuat pusing.

\*

Prabu muda lalu berkata  
kepada ibunya,! Sekarang, Ibu,  
saya  
menginginkan putri Trangganu.  
Kalau tak terlaksana,  
saya akan kecewa.  
Akan menebas badan dengan  
pedang  
jika tak mendapatkan Nyi putri."

\*

Ibuna kalangkung reuwas  
 tuluy bae nyaur Papatih Kontali.  
 Geus ngadeuheus ka kadaton  
 patih pok matur nyembah,  
 "Jisim abdi  
 reh disaur rusuh-rusuh  
 moga hayang geura terang  
 pikersaeun Kangjeng gusti."

\*

Ibu Raja pok ngandika,  
 "Anu matak ayeuna nyaur patih  
 sabab Raja anom bendu  
 hayang kagungan geureuha  
 jeung dituju hayang ka putri  
 Trangganu.  
 Raden Patih kudu leumpang.  
 Patih eta kudu indit.

\*

Eta putri sing kabawa.  
 Peuting ieu ku patih kudu  
 dipaling."  
 Patih Kontali pok matur.  
 Jawabna, "Hatur sumangga."  
 Geus pamitan  
 Patih Kontali beng ngapung  
 54. ngalayang // di awang-awang  
 geus ngungkuluan ka nagari

\*

nagara Cantakapura.  
 Eta patih ngawatek sirep matih.  
 Ditiup sirep ti luhur  
 datangna sirep ka handap.  
 Enggeus jempe  
 jalma di jero kadatun  
 pada sare sadayana  
 hanteu aya anu nyaring.

\*

Ibunya sangat kaget,  
 lalu memanggil patih Kontali.  
 Setelah menghadap ke kedatuan,  
 patih lalu berhatur sungkem,  
 "Diri hamba  
 dipanggil terburu-buru,  
 ingin segera tahu,  
 kehendak Kangjeng Gusti."

\*

Ibunda Raja lalu berkata,  
 "Alasanku memanggil patih  
 sekarang  
 karena Raja muda marah,  
 ingin mempunyai istri,  
 yang dikehendaki putri Trangganu  
 Raden patih harus berjalan.  
 patih harus pergi.

\*

putri itu harus terbawa.  
 Malam ini harus patih curi."  
 patih Kontali berhatur.  
 Jawabnya, "Baiklah."  
 Telah berpamitan  
 patih Kontali terbang  
 54 melayang // di angkasa  
 telah berada di atas negeri

\*

negeri Cantaka pura.  
 patih itu membaca aji sirep.  
 Sirep ditiup dari atas,  
 datanglah sirep ke bawah.  
 Telah sunyi  
 Orang di dalam keraton.  
 Semua tidur,  
 tak ada yang terjaga.

\*

Perbu anom kulem tibra  
reujeung putri keuna ku sirep  
Kontali.  
Patih Kontali geus asup  
datangna ka padaleman.  
Disingkapkeun eta ku patih  
kulambu.  
Dicokot bae putri-na.  
Mundur patih ngais putri.

**\* Durma \***

Bjur ngapung eta patih enggeus  
kebat.  
Patih mabur leuwih tarik.  
Putri jongjon wae tibra.  
Patih Kontali geus datang  
ka nagara Campala gasik  
enggal ngadeuheusan.  
Neng Putri ngajerit nangis.

\*

”Naha aing ku sia bet dibabawa?  
Aing hanteu sudi teuing!”  
Raja anom suka bungah.  
Nyi Putri pek diupahan,  
’Hayang naon, Nyi Putri?  
ka Engkang terangkeun  
diturut sakersa Nyai.

\*

Eneng Putri bengis ngandika ka  
Raja.  
”Najis teuing sia babi.  
Biwir jeding kawas canar.  
Aing hanteu sudi teuing  
make ka sia.  
55. Hade sia // lamun bukti.  
Pamenta aing ka sia  
kudu nanggap ronggeng geulis

\*

Prabu muda tidur pulas  
bersama putri terkena sirep  
Kontali.  
Patih Kontali telah masuk,  
datang ke ruang pribadi raja.  
Kelambu disingkapkan patih.  
putri diboyong.  
patih mundur sambil memb opong  
putri.

**\* Durma \***

Terbanglah patih dengan cepat.  
patih kabur dengan kencang.  
putri tenang saja pulas.  
patih Kontali telah datang  
sigap ke negara Campala,  
segera menghadap.  
Neng putri menjerit-menangis.

\*

”Mengapa aku kau bawa?  
Aku sungguh tak sudi!”  
Raja muda bersuka cita.  
Nyi putri lalu dibujuk.  
”Ingin apa, Nyi putri?  
Terangkan kepada Kakang,  
diturut sekehendak Nyai.

\*

Eneng putri bengis berkata kepada  
Raja,  
”Sungguh najis, babi kau !  
Bibir tebal seperti canar !  
Aku sungguh tak sudi  
kepada kau !  
55 Baiklah kau // kalau terbukti  
permintaanku kepada kau,  
harus mempertunjukkan ronggeng  
cantik

- \*  
 sarta ronggeng eta teh nu  
 babarengan.  
 Anu ngamen tanggap misti  
 pamenta aing ka sia!”  
 Raja atohna kacida  
 pedah mundut Ratna Putri  
 rasana dipikahayang.  
 Geuwat nyiar ronggeng geulis
- \*  
 Eta geuning kahayangna hateu pira  
 hayang nanggap ronggeng geulis  
 moal lila oge mendak.  
 Segeungkeun anu diiwat.  
 Urang catur Barjah di nagari  
 nu kaleungitan  
 beurang-peuting eta nangis.
- \*  
 Eta raja tegesna keur kaedanan  
 geus teu emut jadi gusti.  
 (ra) Den Barjah ewuh manahna  
 mintu anjeun dina kamar  
 tujuh poe prihatin.  
 Guruna disambat  
 geus kitu gurubag sumping.
- \*  
 Gancang bae pandita  
 Lukmanuntara.  
 ”Poma putu ulah nangis,  
 eta teh lantaran urang.”  
 (ra) Den Barjah lajeng unjukan,  
 ”Kangieng Eyang ka abdi,  
 muga kedah dongkap  
 perekawis eta putri.”
- \*  
 serta ronggeng itu bersama-sama .  
 Yang mengaman mesti disuruh  
 main,  
 itu permintaanku padamu !”  
 Raja sangat girang.  
 karena Ratna putri minta,  
 merasa dicintai.  
 Segera mencari ronggeng cantik.
- \*  
 Keinginannya tak seberapa,  
 ingin pertunjukkan ronggeng  
 cantik.  
 Tak lama juga menemukan.  
 Biarkan yang diculik.  
 Kita ceritakan Barjah di negeri  
 yang kehilangan  
 siang dan malam menangis.
- \*  
 Raja itu sebenarnya sedang  
 kehilangan  
 sudah tak ingat menjadi pembesar  
 Raden Barjah rusuh hatinya,  
 menyepi dalam kamar,  
 tujuh hari prihatin.  
 Gurunya diundang,  
 kemudian datang.
- \*  
 Segera saja Rahib Lukmanuntara,  
 ”Harap cucu jangan menangis,  
 itu karena kita juga.”  
 Raden Barjah lalu mengadu,  
 ”Kangieng Eyang untuk hamba  
 harap datang  
 perkara putri.”

\* Sanggeus kitu, pandita Lukman ngandika.  
 "Salah, lamun kitu galih,  
 56. mun teges bela mah teang //  
 tapi kudu salin rupa,  
 kudu jadi ronggeng geulis.  
 Patih jeung jaksa  
 anu jadi Panjak Nyai.

\*

Reujeung putu eta kudu salin rupa."

Barjah jadi ronggeng geulis.  
 Matak kayungyun rupana tacan nganggo anu enya.  
 Loba jalma owah gingsir.  
 Nyeblak nu ningal.  
 Ganti nganggo cara isteri.

\* Kinanti \*

Raja Barjah sanggeus kitu top nyandak pananggo isteri, sinjang celeng megog donta tarapang inten widuri kekemben sutra kungkuman kangkalung inten widuri

\*

nganggo pangeu(n) tambur jamrut kembang goyang anting-anting nganggo ditaretes emas tengen tarapang ku cincin nganggo selop bordel emas sapanganggo raja putri.

\*

Cucuk konde jeung kangkalung matak serab nu ningali mencorong kadiya bulan hanteu aya anu kari Lampah yang bowarang angkat lenggik ramping ayu kuning.

\* Setelah itu, Rahib Lukman berkata,  
 "Salah, kalau begitu pendirian.  
 56 jika benar-benar membela harus dicari//  
 tapi harus berganti rupa,  
 harus menjadi ronggeng cantik.  
 patih dan jaksa Yang menjadi nayaga Nyai.

\*

Juga, cucu harus berganti rupa." Barjah menjadi ronggeng cantik. parasnya membuat terpesona, padahal belum berpakaian sesungguhnya.  
 Banyak orang tertarik hati.  
 Berdebar yang melihat.  
 Berganti dengan pakaian wanita.

\* Kinanti \*

Raja Barjah kemudian mengambil pakaian wanita, kain celeng megog donta bertabur intan biduri selendang bersutra kalung berintan biduri

\*

memakai arat tambur jamrut kembang bergoyang anting-anting memakai hiasan emas tangan penuh dengan cincin memakai selop bordir emas perlengkapan raja putri.

\*

Tusuk konde dan kalung membuat silau yang melihat bersinar seperti bulan tak ada yang tertinggal bergaya permaisuri berjalan ramping tipis ayu kuning.

\*

Ku pandita pek ditiuip.  
 Gentera nyeples cara istri.  
 Beuki tambah cahayana  
 lucu lulus geulis muhlis  
 cek inten direkal jalma

57. matak // watir nu ningali.

\*

Panjakna enggeus ngariung  
 jaksa mantri jeung papatih.  
 Geus kitu budal sadaya  
 dongkap ka pasar nagri  
 pasar nagara Campala.  
 Kaget sakur nu ningali.

\*

Ditanggap di pasar ngungkung.  
 Kabeuh sakur nu ningali  
 jalma pada kaedanan  
 kolot budak menak kuring.  
 Geus euweuh nu dipicangcam  
 ngan eta ronggeng nu geulis.

\*

Raden Patih geus ngadawuh.  
 Aya ronggeng langkung geulis.  
 Geus kitu (ra) Den Patih datang  
 ka pasar lajeng ningali.  
 Patih ngandika ka panjak,  
 "Ayeuna ronggeng ku kami

\*

rek dibawa ka kadatun."  
 Panjak ngawalon ka Patih,  
 "Sumangga bae juragan  
 da abdi mah ngarah duit  
 sukur ayeuna dicandak."  
 Geus kitu Patih ngalahir,

\*

Ditiup oleh rahib.  
 Tampak jelas seperti wanita.  
 Makin tambah bercahaya  
 menarik, mulus, cantik, apik  
 bak intan disangga orang

57 membuat // terkesan yang melihat

Para nayaga sudah berkumpul  
 jaksa mantri dan patih  
 lalu semua berangkat  
 sampai/tiba di pasar negeri  
 pasar negeri Campala  
 Heran setiap yang melihat.

\*

Bermain di pasar berdengkung.  
 Semua yang melihat  
 sama orang tergil-a-gila  
 orang tua-anak, menak-jelata.  
 Tak ada yang diidamkan  
 kecuali ronggeng cantik itu.

\*

Raden patih telah melapor.  
 Ada ronggeng sangat cantik.  
 Setelah itu, Raden patih datang  
 ke pasar lalu melihat.  
 patih berkata kepada nayaga,  
 "Sekarang, ronggeng akan aku

\*

bawa ke kedatuan".  
 Nayaga menjawab kepada patih,  
 "Silakan saja, Tuan,  
 hamba hanya mencari uang,  
 beruntung sekarang dibawa."  
 Setelah itu, patih berkata,

\*\*"Kula heula nanggap atuh."  
 Jung dibawa ku (ra) Den Patih.  
 Geus kitu tuluy ditanggap  
 pada kaedanan sami  
 pada resep anu ningal.  
 Rea nu pong teu balik.

\*

Geus meunang sababak tutup  
 nanya upahna (ra) Den Patih,  
 "Sakumaha sababakna?"  
 Pok ngawalon ka patih,  
 "Ari anu parantos mah  
 58. sababak sarebu // ringgit."

\*

(ra) Den Patih nangkeup harigu  
 boga duit ngan saringgit  
 nyampeurkeun bae ka panjak.  
 Nyabut duhung Raden Patih.  
 (ra) Den Patih lajeng ngandika,  
 "Dalah kumaha Nyai Eulis.

\*

Mamang teh suka kalangkung  
 dicabut duhung ku Nyai.  
 Sanajan saraja banda  
 meureun dibikeun ka Nyai.  
 Lamun dibere meuting mah  
 eusina sarawun jalmi.

\*

Sumangga ku Nyai keduk-keduk.  
 Moal panasaran ati  
 Mamang estu pasrah pisan.  
 Cing coba sapeuting  
 urang kulem reujeung Mamang."  
 Ki Patih pok nyaur deui,

\*

"Aku dulu yang minta  
 pertunjukan"  
 Lalu dibawa oleh Raden patih.  
 Setelah itu lalu dimainkan,  
 sama tergila-gila  
 senang yang menyaksikan,  
 Banyak yang lupa tidak pulang.

\*

Sudah sebabak selesai,  
 Raden patih menanyakan upahnya  
 "berapa sebabaknya?"  
 Berkatalah kepada patih,  
 "Kalau yang sudah,  
 58 sebabak seribu // ringgit."

\*

Raden patih mendekap dada,  
 punya uang hanya seringgit,  
 lalu mendekati nayaga.  
 Raden patih mencabut kalung.  
 Raden patih lalu berkata,  
 "Mau apa lagi, Nyai Eulis.

\*

Paman sangat senang  
 dicabut duhung oleh Nyai.  
 Meskipun seluruh harta benda,  
 rasanya diberikan kepada Nyai.  
 Jika diizinkan menginap  
 isinya berikut orangnya.

\*

Silakan, Nyai keruk,  
 Tak penasaran hati.  
 Paman sungguh menerima .  
 Coba, semalam saja  
 kita tidur dengan paman ."  
 Ki patih berkata lagi,

\*

"Ayeuna sumangga Enung,  
urang ngadeuheus ka puri  
reh boga juragan anyar  
putri beunang Mamang maling.  
Trangganu powarang anyar  
hayang nanggap ronggeng geulis."

\*

Enggeus kitu ka kadatun  
ronggeng dicandak ku patih  
diunjukkeun ka Sang Raja.  
Ku Raja geus katingal  
ronggeng ngungkulon powarang,  
"Aduh biang, lucu teuing!"

\*

Sang Raja bogoh kalangkung  
ujug (-ujug) boga dua putri.  
"Mangke mun geus ngaronggeng  
mah  
tagtu dikawin ku kami.

59. pantes // dijieuun powarang  
ngabogaan ieu nagri.

\*

Raja anom tuluy nyaur,  
"Coba unjukkeun ka Nyai.  
Kahoyongna enggeus datang  
hayang nanggap ronggeng geulis."  
Putri sumping ngawas-ngawas  
neuteup ka ronggeng nu geulis.

\*

Hookeun Putri Tangganu  
ningali ka ronggeng geulis  
nyaur sajeroning manah.  
'Urang mana heran teuing?  
Na urang nagri mana?  
Panjakna mah mantri aing.

\*

"Sekarang, silakan Enung,  
kita bertandang ke putri  
karena punya juragan baru,  
putri hasil curian paman.  
Trangganu permaisuri baru,  
ingin pertunjukan ronggeng  
cantik",

\*

Setelah itu ke kedatuan,  
ronggeng dibawa oleh patih,  
dihadapkan kepada raja.  
Telah terlihat oleh Raja,  
ronggeng menandingi permaisuri.  
"Aduh biung, alangkah  
mempesona !"

\*

Sang Raja alangkah cinta  
tiba-tiba punya dua putri.  
"Nanti kalau sudah meronggeng,  
tentu aku kawini.

59 Pantas // dijadikan powarang  
memiliki negeri ini"

\*

Raja muda lalu berkata,  
"Coba, perlihatkan ke Nyai.  
Keinginannya telah ada,  
ingin pertunjukan ronggeng  
cantik."

putri datang melihat-lihat,  
menatap ronggeng cantik.

\*

Terpesona putri Trangganu.  
Menyaksikan ronggeng cantik,  
berkata dalam hati.  
"Mengherankan, orang mana?  
Orang dari negeri mana?  
Nayaganya menteriku.

\*

Tapi rada samar estu  
 eta godeg reujeung kumis.  
 Awakna mah sidik pisan.  
 Eta siga Raden Patih  
 ngen beda aya kumisan  
 patutna sorana sidik.”

\*

Ngawaskeun Putri Trangganu  
 ronggeng geulis-geulis teuing  
 nyaur sajeroning manah,  
 'bet itu panganggo aing.  
 Sadaya tetela pisan.  
 Naha Engkang anu nyangling?’

\*

atawa Engkang teh lacur?  
 Sigan papakean aing  
 dibikeun ka ronggeng eta.  
 Sakabeh beresih ledis  
 papakean karajaan  
 bet aya di ronggeng geulis.’

\*

Raja Campala pok nyaur  
 ka eta ronggeng nu geulis,  
 "Coba Nyai geura nandak,  
 nyorangkeun kahayang putri."  
 Panjak kabeh geus sadia.  
 Ronggeng nyora melas-melis.

\*

60. Baju hideung // tambal paul  
 inget teh ngen ka Nyai putri  
 susukan kuring cileungcang  
 dipengkong make kamalir  
 isukan kuring rek leumpang  
 pageto mah kari watir.

\*

Tapi, sungguh agak samar  
 itu cambang dan kumis.  
 Badannya sangat jelas,  
 seperti Raden patih,  
 hanya ada kumisnya.  
 Juga suaranya nyata.”

\*

Putri Trangganu memperhatikan,  
 Alangkah cantiknya si ronggeng,  
 Berkata dalam hati,  
 "Ternyata itu pakaianku.  
 Semuanya jelas.  
 Apakah Kakanda menyamar?"

\*

Atau Kakang melacur?  
 Tampaknya pakaianku  
 diberikan kepada ronggeng itu.  
 Semua licin tandas  
 perlengkapan kerajaan  
 ternyata ada di ronggeng cantik.”

\*

Raja Campala menyeru  
 ronggeng cantik itu,  
 "Cobalah, Nyai, segera menari,  
 memenuhi kehendak Putri".  
 Seluruh nayaga telah bersiap.  
 Ronggeng bersuara menyayat hati.

\*

60 Baju hitam // bertambal kelabu  
 hanya ingat akan Nyai Putri  
 selokan saya air hujan  
 dibendung dengan saluran  
 besok saya akan berjalan  
 lusa tinggal kasihan.

\*

Talikung kembang sapatu  
pakarang dibelang belang  
Suwangkung buah kecembang  
daun pulus dipapaes  
hayam diwadahan korang  
cantigi dikali deui.

\*

Humirup ngajadi ratu  
powarang mah beunang maling  
boro jangkung kumis japrang  
moal tulus meunang putri  
kahayang moal kasorang  
ieu diala ku kami.

\*

Kembang kananga aralus  
campaka kembang malati  
pucuk tiwu tingarulang  
arelot jalan ka jami  
batur tilu urang mulang  
harewosan Nyai Putri

\*

Ngaronggengna enggeus tutup.  
Tuluy panjak menta duit.  
Raja Campala ngandika,  
"Sabaraha sababak, Patih?"  
Ki Patih matur ka Raja,  
"Sababak sarebu ringgit."

\*

Diiitung enggeus sapuluh.  
Sababakna eta misti  
sarebu ringgit upahna."  
Putri Trangganu ngalahir,  
"Enggeus wani sakitu mah.  
Sok geura paparin duit!"

\*

Talikung bunga sepatu  
senjata dibelang-belangi  
sawangkung buah kecembang  
daun pulus dibuat hiasan  
ayam dikurung korang  
cantigi sedang digali

Hidup menjadi ratu  
pendamping hasil mencuri  
badan tinggi kumis tebal  
namun tak jadi meraih Putri  
kehendak tak tergapai  
ini saya ambil.

\*

Kembang kenanga bagus-bagus  
Cempaka bunga melati  
pucuk tebu bergoyangan  
berliku jalan ke ladang  
teman tiga kita pulang  
bisiki Nyi Putri

\*

Meronggeng telah selesai.  
Nyaga lalu meminta uang.  
Raja Campala berkata,  
"Berapa sebabak, Patih?"  
Ki Patih berhatur kepada Raja,  
"Satu babak seribu ringgit."

\*

Dihitung telah sepuluh  
Sebabaknya mesti  
Upahnya seribu ringgit."  
Putri Trangganu berucap,  
"Edemikian telah disepakati.  
Ayo, segera beri uang !"

\*

Raja Campala ngadawuh  
miwarang maparin duit.  
Juru simpen enggeus datang  
61. dipiwarang nyokot duit. //  
Ronggeng teh tuluy dibayar.  
Panjak kabeh suka ati.

\*

Ronggeng ngadeuheus ka Ratu.  
Ronggeng abong-abong wani,  
"Nun Gusti abdi ayeuna,  
kawantu Gusti mah sugih.  
Sim abdi nyuhunkeun sinjang.  
Raja anom gagah jurit.

#### \* Sinom \*

Hayang sapanganggo Raja  
dipasih teh jisim abdi.  
Neda piwelas Gamparan  
nyuhunkeun panganggo Gusti."  
Raja ngandika aris,  
"Aeh, ronggeng sukur sarebu  
sumawonna papakean  
sanajan ieu nagari  
lamun purun Nyai ku Engkang  
ditikah

\*

Geus hanteu jadi kumaha.  
Supaya purun dikawin  
nagara katut eusina  
rek dibogaan ku Nyai.  
Cing coba ngaronggeng deui.  
Engkang teh estu kapincut.  
Nyi Ronggeng teh ngawalonan,  
"Sumangga abdi dikawin.  
Reujeung kuring urang papahare  
bareng.

\*

Raja Campala bersabda,  
menyuruh memberi uang.  
Juru simpan telah datang  
61 disuruh mengambil uang //  
Ronggeng lalu dibayar.  
Semua nayaga bersuka cita.

\*

Ronggeng menghadap kepada  
Ratu.  
Maklum saja, ronggeng berani,  
"Gusti, sekarang hamba,  
maklum saja Gusti kaya,  
hamba memohon kain.  
Raja muda gagah bertempur.

#### \* Sinom \*

Ingin perlengkapan Raja  
Jika hamba diberi.  
Mengharap belas kasihan Paduka,  
mohon pakaian Gusti".  
Raja bersabda,  
"He, ronggeng, sukur beribu,  
jangankan pakaian.  
meskipun negeri ini  
Jika Nyai mau Kakanda nikahi.

\*

Meskipun bagaimana ?  
Agar mau dikawini,  
negeri serta isinya  
akan Nyai miliki.  
Cobalah meronggeng lagi.  
Kakang sungguh tertarik".  
Nyi Ronggeng menjawab,  
"Baiklah hamba dikawin.  
Dengan saya kita bersama-sama.

\*

Panganten sasamak pandan  
sareng papahare peuting.  
Ngaronggeng deui sumangga  
tapi sapanuhun abdi,  
sapangango Kangjeng Gusti  
ku abdi mugi kabantun.”

Raja geus kitu ngandika,  
”Nya geura pék ngibing deui,

62. Sapangango tangtu dibikeun ku //  
Engkang.”

\*

Pada ngomong eta panjak,  
”Urang sengak mangga tarik!”  
Eta panjak pada bungah.  
Tangtu rebo barang jeung duit.  
Enggeus pada ati-ati.  
Panjak beger liwat langkung  
ber bae wawayangan.  
Ronggeng geus ngibing deui.  
Rame sengak panjak tilu suka  
bungah.

\*

Bungbung perang cek basa Jawa.  
Asa pararuas teuing.  
Bangkong hejo saba alas  
dodok katembong Nyi Putri  
peuteuy alas basa Jawi  
teu kawatir Ratna Ayu  
serendet saba sindungan  
mangke dicekel ku aing  
kalong leutik lalay lamun teu  
kabawa.

\*

Pengantin satu tikar pandan  
malam bersama-sama.  
Meronggeng juga mau,  
tapi permohonan hamba,  
perlengkapan Kangjeng Gusti,  
akan hamba bawa”.

Raja kemudian berkata,  
”ya, segera menari lagi.

62. Pakaian tentu diserahkan //  
Kakanda”.

\*

Bercakap-cakap nayaga itu,  
”Kita menyanyi biar keras!”  
Nayaga itu sama bergembira.  
Tentu sarat dengan barang dan  
uang.  
Telah sama berhati-hati.  
Nayaga sangat lincah  
lalu berlagak main wayang.  
Ronggeng kembali menari.  
Ramai dengan seruan tiga nayaga  
bersuka ria.

\*

Bumbung perang menurut bahasa  
Jawa.  
Alangkah puasnya.  
Katak hijau merambah hutan  
jongkok terlihat Nyi Putri  
petai hutan bahasa Jawi  
tak khawatir Ratna Ayu  
serendet di sindungan  
nanti akan kutangkap  
keluang kecil, kelelawar jika tak  
terbawa.

\*

Panjak tilu pada senggak  
 enya-enya linggih  
 heueuh-heueuh geus tetela  
 hayoh-hayoh pek tampiling  
 kuring keur giruk ti tadi  
 ka raja nu siga bangbung  
 baju di jepit sisina<sup>1</sup>  
 raja nu ngajepit isteri  
 ngurus tunjung raja malarat ku  
 bikang.

\*

Geus meunang sapuluh babak  
 Panjak ronggeng geus berenti.  
 Ronggeng ngadeuheus ka Raja  
 nagih pasanggupan tadi.  
 Gancang panganggona Gusti  
 geus dijarahkeun ngahuyud.

63. enggeus beunang sadayana //  
 ku ronggeng panganggo Gusti.  
 Geus kasambut ku gurit pek  
 dangdanggula.

### \* Dangdanggula \*

Geus kamanah eta ku Nyi Putri.  
 Geus tetela rakana nu nyamar.  
 Neng Putri ngandika walon,  
 "Sang Raja kuring candung  
 reujeung eta ronggeng nu geulis.  
 Sarta eta upahna  
 geura bere kudu."  
 Raja Campala ngandika,  
 "Alus temen eta pikir Nyai Putri.  
 Sukur, Nyai, mun kitu mah.

\*

Tiga nayaga berseru-seru  
 benar-benar duduk  
 betul-betul telah jelas  
 ayo-ayo, segera tampar  
 saya sudah muak sejak tadi  
 kepada raja seperti kumbang  
 baju dijepit istri  
 tak tahu malu, raja miskin karena  
 perempuan.

\*

Telah selesai sepuluh babak.  
 Nayaga-ronggeng telah berhenti.  
 Ronggeng menghadap Raja,  
 menagih kesanggupannya tadi.  
 Segera perlengkapan Gusti  
 telah dionggokkan hingga ber-  
 tumpuk.

63. Telah diperoleh semua // oleh  
 ronggeng perlengkapan Gusti.  
 Telah selesai dengan gurit lalu  
 dangdanggula.

### \* Dangdanggula \*

Telah dimaklumi oleh Nyi Putri.  
 Telah nyata suaminya yang  
 menyamar.

Neng Putri berkata perlahan,  
 "Sang Raja, madulah saya  
 dengan ronggeng cantik itu.  
 Serta upahnya  
 segera beri".  
 Raja Campala berkata,  
 "Sungguh bagus gagasan Nyi Putri.  
 Syukur, Nyai, kalau memang  
 demikian.

\*

Malah Akang estu aya pikir,  
rek ditikah ayeuna dititah.  
Aduh biang atuh atoh.”  
Nyi Putri teh lajeng nyaaur,  
‘Nyuhunkeun tempo sapeuting.  
Kuring pestakeun  
mengke teh ku Ratu.  
Pageto mah pangantenan.  
Reujeung kuring urang papahare  
peuting  
sarta papahare beurang.”

\*

Eta raja atoh liwat saking  
ngadangkukeun Nyi Putri unjukan.  
Boga rasa aing kasep.  
Nya Putri teh mindo nyaaur,  
”Malah ayeuna ‘ku kuring  
ronggeng rek dibawa  
ka jero kadatuan.  
Ari Ki Panjak di luar  
dina emper suguhan masing  
utami.”

\*

Geus dicandak ronggeng teh ku  
putri.  
Barang dongkap ka kajuaran  
64. ku Nyi Putri diparios, //  
”Nyai teh masing satuhu.  
Naha enya Anjeun teh istri,  
coba masing terang.”  
Nyi ronggeng teh pek nyaaur,  
”lamun mundut saterangna,  
Ratna Putri mangga geura candak  
kelir  
ku Putri geura halangan.”

\*

Bahkan, Kakanda telah meren-  
canakan  
untuk dinikahi, sekarang malah  
disuruh.  
Aduh biung, tentu saja girang”.  
Nyi Putri terus berkata,  
”Mohon kesempatan semalam.  
Rayakan saya dengan pesta  
nanti oleh Ratu.  
Lusa berpengantin.  
Kita bersama dengan saya malam  
maupun siang”.

\*

Raja itu sangat bersuka cita  
mendengarkan Nyi Putri berkata.  
Merasa dirinya berparas tampan.  
Nyi Putri kembali berkata,  
”Bahkan sekarang akan saya  
bawa ronggeng  
ke dalam kedatuan.  
Sementara Ki Nayaga di luar  
di emper disuguhi seutamanya”.  
Telah diizinkan Raja.

\*

Ronggeng telah dibawa Putri.  
Saat datang ke kamar  
64. ditanya oleh Nyi Putri, //  
”Nyai mesti setia.  
Apakah benar Engkau wanita?  
Coba terangkan”.  
Nyi Ronggeng berkata,  
”Jika berharap yang sebenarnya,  
silakan Ratna Putri mengambil  
tabir,  
segera Putri halangi”.

\*

Tuluy bae eta putri nyandak kelir.  
Dihalangan lilana teh sajam.  
Beh bae Barjah caroge.  
Kelirna tuluy dijungjung suka.  
ka Raden ngagugulung.  
Enggeus tutup silih suka  
pada calik sasauran Ratna Putri  
"Ayeuna ieu urang kumaha?"

\*

Raja Barjah ngalahir ka Putri,  
"Itu Panjak Patih anu ngendang.  
Manteri anu ngarebab teh.  
Jaksa anu nyangking ketuk.  
Coba saur eta ku Putri  
eta nu tilu jalma".  
Ku Putri disaur.  
Jalma nu tilu arunggah  
mando calik pada ngadeuheusan  
ka Putri.  
Sang Raja lajeng ngandika,

\*

"Urang isuk kudu ati-ati  
tangtu perang jeung urang  
Campala.  
Paman masing hade-hade."  
Kacaturkeun enggeus isuk.  
Aya emban haturan calik  
ka raja anom tea,  
  
"Gusti, kaulanun  
perkawis ronggeng teh nyamar.  
Kaulanun, lain teges ronggeng  
geulis."  
Raja mungkur pok mariksa.

\*

Lalu Putri mengambil tabir,  
dihalangi lamanya satu jam.  
Tampaklah Barjah, suaminya.  
Tabir lalu diangkat.  
Merangkullah Nyi Putri  
seraya menangis bercampur suka.  
Mendekap terhadap Raden.  
Telah selesai bersukaan,  
sama-sama duduk Ratna Putri  
(dan Barjah).  
"Sekarang bagaimana kita?"

\*

Raja Barjah berkata kepada Putri,  
"Itu nayaga Patih yang memukul  
gendang.  
Menteri yang menjinjing ketuk.  
Coba, Putri panggilkan  
ketiga orang itu".  
Maka dipanggil Putri.  
Ketiga orang itu naik  
duduk sopan menghadap Putri.  
Sang Raja lalu bersabda,

\*

"Besok kita harus berhati-hati,  
pasti berperang dengan orang  
Campala.  
Pamanda berbaik-baiklah".  
Tersebut sudah pagi.  
Ada emban duduk menghadap  
kepada raja muda,  
"Gusti, jungungan hamba,  
ternyata ronggeng menyamar.  
Jungungan, dia bukan ronggeng  
cantik".  
Raja mengulang bertanya.

**\* Pangkur \***

65. Raja Campala // ngandika,  
 "Aeh, binatang eta Si Cantaka  
 Puri.  
 Eta jalma kabeh palsu !  
 Hayu, para ponggawa,  
 eta raja ayeuna geura pek tempuh!"  
 Guyur di jero nagara.  
 Patih ngumpulkeun perjurit.

\*

Geus sadia sadayana  
 geus kabodar eta teh di jero puri.  
 Raden Barjah teh ngadawuh.  
 Geus nangtang ka Raden Barjah.  
 "Barjah, maneh kudu turun!"  
 Geus sadia jeung patihna  
 opatan kaluar bijil.

\*

Ratna Putri enggeus dangdan  
 sarta nganggo kumaha parabot jurit  
 reujeung ponggawa nu tilu  
 ti lebet enggeus kaluar.  
 Barjah nenjrag lemah naga jebul.  
 "Naha putu naon beja?"  
 Barjah geus kitu ngalahir,

\*

Raden Barjah pok haturan,  
 "Putu isteri ayeuna aya nu maling.  
 Lawas tujuh poe putu. "  
 Nagasantra pok ngandika,  
 "Rek kumaha ka Eyang nu mawi  
 matur?"  
 "Kumaha kersa Eyang.  
 Ayeuna Eyang sim abdi.

**\* Pangkur \***

65. Raja Campala // berkata,  
 "Wah, sungguh binatang Si  
 Cantaka Puri!  
 Orang-orang palsu!  
 Ayo, para ponggawa,  
 raja itu segera kita serang!"  
 Geger di dalam negeri.  
 Patih mengumpulkan tentara.

\*

Telah bersiap semuanya.  
 Telah tampak di dalam puri.  
 Raden Barjah berkata.  
 Telah menantang Raden Barjah.  
 "Barjah, kau harus turun!"  
 Telah bersiap dengan Patihnya,  
 berempat keluar.

\*

Ratna Putri telah berdandan  
 serta berpakaian sebagaimana  
 untuk bertempur  
 dengan tiga ponggawa  
 telah keluar dari dalam.  
 Barjah menghentaki bumi, naga  
 muncul.  
 "Mengapa, Cucu? Ada kabar apa?"  
 Berjrah kemudian menerangkan.

\*

Raden Barjah lalu berhatur,  
 "Cucu istri sekarang ada yang  
 menculik.  
 Cucu tujuh hari suntuk".  
 Nagasantra berkata,  
 "Ada maksud apa sehingga me-  
 manggil Eyang?"  
 "Terserah keputusan Eyang,  
 bagi hamba sekarang ini.

\*

Mawi unjukan ka Eyang  
abdi teh rek dirempug pelejurit.  
Kumaha enggeus kakepung.  
Seja nyanggakeun ka Eyang  
eta musuh.”  
Nagasantra tuluy matur,  
”Mingkeun ku eyang dilelang.  
Putu hayoh geura mulih !

\*

Sadaya ulah rek tinggal.  
Ayeuna mah Eyang bae maju  
jurit!”  
Enggalna Barjah geus tuluy  
66. dijapakeun // ku eyangna.  
Di nagari Nagasantra enggeus jebul.  
Nagasantra enggeus pasang.  
Ger surak sarawuh bedil.

\*

Ku Naga hanteu dirasa  
bedil panah keris reujeung  
bandering.  
Hanteu dirasa sarebuk  
sada borondong bedilna.  
Nagasantra  
ku perjurit ditempuh.  
Nagasantra enggeus cengkat  
perjurit diburak-barik.

\*

Taya nu wani ngalawan  
wadia balad pada lumpat tarik.  
Geus kaboyong nu ditempuh  
sadayana. Nagasantra  
ka jero puri geus asup.  
Naga ngarawat boyongan  
sakabehna pelejurit.

\*

Sebabnya hamba menghadap  
Eyang,  
hamba akan digempur prajurit.  
Bagaimana, telah terkepung.  
Terserah kepada Eyang  
musuh itu”.  
Nagasantra lalu berhatur,  
”Biarlah, Eyang tangani.  
Segeralah Cucu pulang!

\*

Semua jangan tertinggal.  
Sekarang Eyang saja maju ber-  
tempur!”  
Segera Barjah berlalu  
66. diantarkan // oleh eyangnya.  
Nagasantra telah tiba di negeri.  
Nagasantra telah bersiap:  
Bergemuruh sorak disertai bedil.

\*

Tak dirasa oleh naga,  
senapan, panah, keris, dan ketapel.  
Sedikit pun tak dirasa  
suara berondong senapan.  
Nagasantra  
digempur oleh prajurit.  
Nagasantra telah bangkit.  
Prajurit diobrak-abrik.

\*

Tak ada yang berani melawan,  
anggota pasukan berlarian kencang.  
Telah diboyong yang diserang  
semuanya. Nagasantra  
telah masuk ke dalam puri.  
Naga membereskan boyongan  
semuanya prajurit.

\*

Ku Nagasantra dibawa  
sadayana saeusining jero nagari.  
Ponggawa kabeh geus milu.  
Digiring kabeh boyongan  
jeung Campala.  
Patih kabeh enggeus kumpul.  
